


# ADOPSYON 4

 Frè Neville, e bon apremidi, swa, pito, pou zanmi presye nou yo, nou kontan pou nou tounen isi a nan legliz la aswè a. Li fè yon ti kras cho, e kifè nou pral eseye fè pi vit ke posib, pou antre tou dwat nan Mesaj la.

Premyèman, nou gen kèk anons pou fè, epi yon—yon demann priyè espesyal. Mwen te resevwa lèt nou yo deyè a la, ke yo te bay, e pou sè a ki santi li gen timè nan sèvo a. E te gen yon lòt nan Louisville; epi frè yon lòt minis, papa l te gen yon atak kè; e gen anpil, anpil moun malad nan mond lan jodi a. Anpil ap rele epi se sèten nou priye pou yo ak tout kè nou, ke Bondye va ede nou.

Dabitid apeprè katrevenkenz pousan ministè mwen an se toujou sa, pou priye pou malad yo, ou wè, men mwen—mwen jis on jan gen yon—on jan gen yon ti pwennvi ke . . . Mwen toujou priye pou malad yo, kounye a, sonje sa. Sa toujou mache konsa avè l. Men, o, si nou ka mennen legliz la—la pran pozisyon li, alò, epi mete l annòd pou ke nou ka al travay, ou wè. Nou dwe òganize nou, ou wè, mete tout bagay ansanm.

Yon lòt bagay te jis frape kè m, kèk moman de sa. Sa se lè yon vye ti mesye veteran, youn nan bra l yo prèske rache, janm li prèske rache. Li pa bò isit la pou koute m kounye la a. Men yon vrè prens kòm kanmarad, non l se Roy Roberson, e youn nan administratè nou yo isi a nan legliz la, epi yon gason Kretyen janti. Li te vini jis la, epi l te di: “Frè Branham, pa bliye Prezidan an.” Li di: “Sa te fè m santi m tèlman dezole lè l te desann,” li te wè nan televizyon, “li t ap desann avyon an, dlo nan je t ap desann bò figi l, epi bouch li t ap tòde sou kote.” Ou konnen, li te drèt la avèk Roy avè yo, nan batay sa—sa.

Pa gen pwoblèm si w pa dakò avè l sou plan politik, li toujou Prezidan nou. Wi, mesye. Pou mwen, mwen—mwen pa ni Demokrat ni Repibliken. Mwen se yon Kretyen. Men mwen—mwen di w, sètènman mwen te gen yon gran admirasyon pou—pou Prezidan Dwight Eisenhower. Mesye, se sètèn li te yon gran òm, dapre opinyon mwen—mwen. Si l t ap kandida ankò, e m t ap vote, m t ap vote pou li ankò. Se vre. M pa bezwen konnen si l te—si l te gen santan, m t ap toujou vote pou li, paske m renmen l. E ann sonje l nan priyè nou aswè a.

J. T., sètènman mwen apresye bèl reyinyon sa, nou tout, ou menm ak Frè Willard te genyen semèn sa. Si m te antre olye m te ret deyò a, nou tout t ap di: “Dakò, Frè Branham kounye a, ou konnen, *entèl entèl*.” Men li jis pi bon ke m kanpe deyò a pou tande w, èske w pa wè? Dakò. Kifè, trè byen.

Mwen gen kèk òf pou kèk legliz, si nou tout vle yo, si nou pare pou nou vin pastè kounye a, si nou gen fòmasyon nou. Epi, ke, mwen kwè ke se sa, epi nou tout byen etabli. Mwen gen youn nan Oregon, kèk nan Washington, Kalifòni, ak Arizona, diferan kote. E si jamè ou vle pran yon legliz anchaj oswa nenpòt bagay, franchman, isi a menm se yon bon kote pou kòmanse, isi a menm. E gen nanm k ap kriye toupatou, menm nan rezèv Endyen yo ak kèlkeswa sa w vle al ladann lan. Jis fè nou konnen, paske mwen kwè ke nou menm ti mesye yo ankre kounye a. Se vre. Mwen jis renmen wè yo ap fè sa.

Gen Frè Ruddell laba a la sou wout la. M ap monte al fè yon reyinyon pou li, nan kèk jou. Frè Ruddell pral gen reyinyon revèy. E mwen—mwen sonje mwen te konn pouse ti kanmarad sa toupatou, ap eseye fè l soti nan brid la epi preche. Li te tèlman timid. Li tap di: “Mwen jis pa ka pale.” Ou ta dwe tande l. Amèn. Ou wè? Ou pa konn kisa w ka fè si w kite Sentespri a mete men sou ou. Se vre.

Epi Frè Graham Snelling nan Utica, ak Frè Junior Jackson laba a. Nou—nou konsidere yo tout ti legliz sè nou yo, jis avèk nou. Nou tout ansanm. Nou pa an dezakò sou doktrin nou yo, oswa espwa nou ak objektif nou yo, doktrin nou yo, fè youn. Nou kanpe ansanm, jis tout bagay ansanm. Nou se jis yon sèl legliz. E se sèten nou ta renmen pou yo gaye toupatou; nou gen kèk an Afrik, kèk nan Lend, ak toupatou, nan peyi a. Se la nou vle yo, ap gaye Nouvèl la.

E mwen wè jèn kanmarad sa yo k ap vini, tankou Frè J. T. Parnell isi a, ak—ak Frè Willard avè yo, lè y ap vini, jèn kanmarad, lè m ap vin pi granmoun. Si gen yon demen, yo va mesye sa yo pou demen. Mwen pa vle pou Mesaj sa janm mouri. Li jis pa kapab. Li dwe kontinye viv. E mwen pa kwè nou gen twòp tan pou pote Li.

Ti bebe ke yo te di ki ta pral mouri a, mwen wè ou te genyen l nan legliz tout jounen jodi a, sè. Sa trè byen. Nou remèsye Seyè a pou sa, ke Seyè a gen gras, plen ak mizerikòd. Jis kontinye kwè sa yo te di nou isi a menm, ou wè, sa pral kòrèk.

Kounye a, èske nou pran plezi nan ansèyman? Nou renmen ansèyman? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] O, mwen—mwen—mwen reyèlman panse sa fè nou byen. Li ba nou yon ti repo nan priye pou malad yo, ak vizyon, ak gerizon Divin. Natirèlman, kounye a, aswè a nou . . . Apre sèvis la, n ap priye pou malad yo ankò, aswè a. Nou toujou vle fè sa, batize nenpòt moun nenpòt kilè.

Konbyen ki sonje lè m te konn ap mache enspekte fil elektrik yo? Ebyen, mwen te konn fè enspeksyon fil elektrik yo, anpil fwa, mwen te dwe mache karantuit kilomèt pa jou nan forè a. Mwen te gen fil pou enspekte sou yon distans de katsan senkant kilomèt. M te konn mache laba a, chemiz mwen nan men m, e, o, m te

tèlman fatigue, ap mache nan jeng sa yo, ak raje yo k ap blese m. M te rankontre yon vye kiltivatè epi m te chita anba yon pyebwa epi m te pale avè l sou batèm nan Non Seyè Jezi. Li te di m: “Ebyen, mwen te toujou vle batize.”

Mwen di: “Li pa twò lwen ti pas dlo a.” E li te di . . .

E m te mennen anpil drèt laba a la epi batize yo nan Non Jezi. M te redesann al enspekte liy lan, jis ak tout vitès. Se vre. Anpil fwa ak vye rad travay mwen sou mwen, m te batize yon moun, m te desann drèt sou poto a. M te anlè poto a ap fè travay mwen; m te konn monte liy, tou, m te konn ap fè travay mwen sou poto a, avèk yon nonm, antan m ap pale l de Seyè a. Li te di: “Franchman, Billy, youn nan jou sa yo m ap vin nan legliz ou a pou m batize.”

<sup>2</sup> Mwen te di: “Poukisa ou vle ret tann jouk lè sa a? Nou jis bò rivyè a, gen anpil dlo drèt la.” Trape yo touswit. Se vre. Se lè a sa. Filip te di . . .

<sup>3</sup> Enik la te di Filip: “Men dlo, kisa k anpeche nou?” Se sa. Anyen. Si w pare, se tan an sa. Pa kite dyab la gen yon chans pou foure yon bagay ladann. Pa ranwaye pou demen bagay ke w ta ka fè jodi a. Demen ta ka pa vini pou ou. Mwen sonje yon fwa mwen te fè sa, mwen te aprann, sa te ban m yon leson. Mwen te ranwaye yon bagay ke m ta dwe fè yon jou, e jou apre a te twò ta.

<sup>4</sup> Kounye a, vrèman m pa vle kenbe nou tout tan sa a. Men mwen jis vin tèlman—tèlman eksite, e, mwen pa konnen, mwen jis santi m tèlman byen jouk mwen jis pa posede tèt mwen, prèske. Mwen jis santi m tèlman byen.

<sup>5</sup> Kounye a annou koube tèt nou jis yon moman anvan nou apwoche Pawòl la.

<sup>6</sup> Papa nou ki nan Syèl la, Ou se Bondye vivan an, k ap viv pou toutan. Solèy ki te fèk kouche a, menm solèy sa, Danyèl te gade l lè l te kouche, Jeremi te gade l ap kouche, Adan te gade l ap kouche, Jezi te gade l ap kouche. E se menm mond lan ke yo te viv ladann e ke yo te mache ladann, e Ou toujou rete menm Bondye a.

<sup>7</sup> Aswè a gen anpil rekèt. Yon nonm ki gen timè nan sèvo a, yon sè pè menm bagay la. Ou se sèl espwa a, Seyè, ki genyen pou sa. Timè sa vin malfezan, pa gen anyen ki ka rete l. Sa konplètman depase doktè a. Men aswè a nou prale ak ti fistibal nou an, dèyè ayo sa a, pou mennen l tounen nan pak Papa a. Nan Non Seyè Jezi a nou dirije priyè nou pou touye lyon an, timè a, bagay malfezan an, pou mennen yo nan pak la an sekirite.

<sup>8</sup> E nou menm, Bondye, nou sonje aswè a bèl Prezidan nou an, frè, Dwight Eisenhower nou an. Li gide peyi a, Seyè, li eseye anpeche nou gen lagè. Li te pwomèt gè Koreyen an t ap fini si l te gen nenpòt fason li te kapab. Li te pwomèt manman sa yo li

t ap mennen ti mesye sa yo tounen. Men li te di: “Pou mwen fè l, mwen pa ka fè l. M ka fè efò, men se Bondye sèl k ap gen pou fè l.” E Ou te avè l, Seyè, e kounye a tout bagay regle. Poukisa yo pat ka wè sa an premye? Bondye, mwen priye ke W va ede l. Beni nanm vanyan sa, Seyè. E nou priye ke Ou va chwazi pou nou pwochen lidè a. Se pou volonte predestine W la fèt, Seyè.

<sup>9</sup> Men Sila ke nou sitèlman enterese nan Li aswè a, anplis de zafè nasyonal nou yo, se Sila ki gran e gloriye k ap vini an pou tabli yon Wayòm ki p ap gen fen, Seyè Jezi, Pitit Ou a. Alò yo pral anpile zam yo, alam pou etenn dife yo pral sonnen epi p ap gen lagè ankò. Yo va plante pye rezen epi manje fwi yo. Yo va bati kay, abite yo. Epi p ap janm gen okenn pwoblèm ankò alò apre sa.

<sup>10</sup> Beni nou kounye a pandan n ap apwoche Pawòl la. Epi, Papa, Ou konnen rezon ki fè m ap apwoche Pawòl la apati de Lekriti sa menm isit la. Se paske mwen—mwen santi ke Ou vle m fè l fason sa, ke se volonte Divin Ou, li nan lòd Ou, li nan . . . se dapre ajanda a, pou pèmèt moun yo plase nan pozisyon yo epi pare pou lè batay la. Tankou frè nou an te di nan priyè l ba Ou sa pa fè lontan: “O, Ou antrene nou tèlman lontan, Seyè.” Kounye a, Papa, ba nou grad nou yo. Mete nou nan pozisyon kote nou sipoze travay, pou nou ka okipe nou de zafè Papa a. Paske nou mande l nan Non Jezi, Pitit Ou a. Amèn.

<sup>11</sup> Apremidi sa m te pase yon bèl apremidi, ap pale ak enfimye yon doktè popilè nan Louisville. Yo te tandè pale de bagay gloriye ke Seyè a fè. E papa l te yon doktè. Epi li te vin la epi li te chita nan biwo m lan prèske tout apremidi a, li te jis antre, li te rann mwen yon ti vizit. Yon moun mèveye; pito on tijan strik, ou konnen, on jan devwe, yon vrè Presbiteryen pou kòmanse, men li te kite ak dlo nan je ap koule desann bò figi l. O, mwen . . . Bondye genyen yo toupatou, nan biwo doktè yo, kay enfimye yo. Mwen pa kwè gen yon sèl enfimye nan lopital Norton’s Infirmary ke mwen pat temwaye ba li konsènan genyen Sentespri a, e ke m pat mande l si l te batize nan Non Jezi. Pa gen yon sèl doktè ke m te antre an kontak avè l, nenpòt kote, oswa pès- . . . Ou wè?

<sup>12</sup> Pale yo de Sa. Nou pa gen anpil tan, frè. Kèlkeswa jan sa parèt difisil isi a, jis tann jouk ou travèse dènye souf sa laba a epi wè, alò ou va swete ou te fè l. Wi, mesye. Pa ret tann jouk lè sa, ann fè l kounye a. Se lè a sa. O, yo ta ka pa dakò, epi nève epi eksite on tikras sou sa, men yo pa fè espere. Yo reyèlman pa fè espere. Yo—yo—yo byen janti. Yo pral enève sou ou, jis—jis sonje, yo—yo pa vrèman fè espere. Yo pa fè espere. Yo te jis petèt anseye yo yon bagay epi yo jis kenbe fèm ak sa, konsa ou—ou ka wè lide yo. Pa diskite avè yo, pa diskite ak pèsonn, men jis renmen yo jouk ou konvenk yo de Sa. Apre sa lapriyè pou yo.

<sup>13</sup> Ebyen, mwen panse nou te rive nan vèsè 9 la, mwen pa sèten. Se lwen chapit 3 a, se pa vre, frè yo? Men o, Se siwo myèl nan

wòch la, pou mwen! Nou t ap pale kounye a, sonje, konsa nou ka jwenn on ti kontèks ankò. E kounye a, Frè Neville, ou—ou mèt rale m yon ti kras kounye a si m pa reyisi wè tan an ka prale, konsa mwen ka lapriyè pou malad yo. Nou vle jwenn chak ti detay ke nou kapab. E aswè a mwen vle fè yon apèl a lotèl. Mwen . . . Nou va fini avèk sa alòs ke petèt mwen va gen ase tan jis pou li rès la.

<sup>14</sup> Men bi sa, se, wè pozisyon w nan Kris, pou wè se pa yon bagay ke w jis tonbe ladann, oswa yon bagay ki ta ka genyen . . . ou te merite yon kote, men se sa Bondye te fè pou ou, Limenm. Se pa ke w te tèlman bon ke ou te ale nan yon legliz yon jou swa, ke kèk frè pòv te mennen w sou lotèl la. E se pat sa. Se te Bondye, anvan fondasyon mond lan, te predestine w pou Lavi Etènèl. Lè w rive la jou sa, se pa etonan karant . . . vennkat ansyen yo te depoze kouwòn yo, tout moun te depoze kouwòn yo, tout moun te tonbe sou fas yo, yo pa t gen yon sèl bagay yo te ka di, nanpwen predikatè, nanpwen ansyen, nanpwen anyen. Tout lwanj pou Ayo a! Bondye va rasanble tout bagay nan Li nan jou sa. O, si nou ta janm konnen epi rekonèt Kimoun sa te ye Ke yo te krisifye a. Kounye a sou . . .

<sup>15</sup> N ap kòmanse nan vèsè 8 la, pou jwenn yon ti kontèks.

*Li ban nou favè l an kantite, li ban nou tout kalite konprann ak konesans.*

*Li fè nou konnen plan travay li te kenbe sekrè nan kè l, . . .*

<sup>16</sup> “Mistè volonte L yo.” E sonje kijan nou te pèsiste sou sa? Konbyen moun ki te isit la maten an, ann wè. Kijan nou te kole sou sa, “mistè volonte Li.” Bon, se pa jis yon ti bagay, alò se yon mistè. Volonte Bondye se yon mistè. E chak moun dwe chache volonte Bondye pou tèt pa l misye oswa pou tèt pa l manzè, mistè Bondye a.

<sup>17</sup> Kijan nou fè dekouvri l? Pòl, sa te revele a limenm. Li te di li pa t chita pale ak okenn nonm, ni lachè ni le san. Li pa t ale nan okenn lekòl, okenn seminè. Li pa t gen anyen pou l wè ak sa. Men li . . . Se Jezikri ki te revele l ba li, Ki te rankontre l sou wout Damas la, nan yon—yon Limyè tankou yon Kolòn Dife, e Li te rele l. E li te ale an Arabi, e li te rete la pandan twazan. O, èske w pa imajine ke sa te yon moman gloriye, Frè Egan? Pandan twazan Pòl te rete laba a an Arabi, li te lwe yon ti kay pou tèt li yon kote, li t ap monte desann, ak tout ansyen woulo yo. Yo pa t gen nouvo yo; se Pòl ki te ekri yo, pi fò. Drèt nan ansyen woulo sa yo, kijan Bondye, nan kòmansman an, te predestine nou pou Lavi Etènèl. Kijan ke Li te pral voye Jezi, pou ke atravè Sakrifis sa nou tout te gen dwa a Pyebwa Lavi a. “Sa ke Li te konnen davans yo, Li te rele yo; sa ke L te rele yo, Li te deja jistifye yo; sa ke L te jistifye yo, Li te deja glorifye yo.” Bondye, depi nan kòmansman mond lan, te predestine nou pou nou pitit gason adoptif Li. Kounye

a tout kreyasyon an antye ap jemi, ap tann manifestasyon pitit Bondye yo. O, m imagine m ke Pòl te pase yon moman mèveye. Mwen ta renmen pou m te la avè l. Èske w pa ta renmen sa?

<sup>18</sup> Kounye a li te di: “Li te fè nou konnen mistè a.” Kite Sentespri a vin sou ou yon fwa, epi kòmmanse dewoule Sa epi jis gade kijan Sa mache. Apre midi a mwen te gen, o, apeprè trant minit pou m etidye, jis pou m gade leson an; petèt pa sa, mwen pral di mwatye nan sa, kenz minit ant lè yo. E m te pran dewoule pasaj yo, e m te panse: “Mistè a, ala li misterye!” Epi Lekriti te mennen m nan Ansyen Testaman an, apre sa mennen m tounen nan Nouvo Testaman an; te anchene yon bagay ansanm, pou wè mistè Vini Li a, mistè volonte Li, mistè nou ki chita ansanm. Sonje, sa pa ka anseye nan okenn seminè. Se yon mistè. Ou pa ka konnen l pa edikasyon, pa teyoloji. Se yon mistè ki te kache depi fondasyon mond lan, antan li t ap tann manifestasyon pitit Bondye yo.

<sup>19</sup> Di m, frè m, di m, sè m, kilè te deja gen yon tan kote pitit Bondye yo te dwe janm manifeste andeyò de tan sa kounye a? Ki lè te janm gen yon tan nan listwa, yo te dwe manifeste tan pou delivrans tout lanati a? Lanati, lanati limenm ap plenn, ap tann tan manifestasyon an. Enben, anvan ekspyasyon an te fèt, anvan Sentespri a te janm devèse, anvan tout—tout Ansyen Testaman an, anvan tout peryòd sa, pa t ka gen manifestasyon. Nou te oblije ret tann jouk tan sa a. Kounye a yo te pote tout bagay, yo vini, yo pran fòm yon wòch prensipal, pou manifestasyon pitit Bondye yo k ap retounen, ak Lespri Bondye k ap antre nan mesye sa yo, si tèlman pafè, jiskaske ministè yo va si tèlman pwòch tankou pa Kris la jouk li pral fè Limenm ak Legliz Li vin jwenn ansanm.

<sup>20</sup> Konbyen moun ki te janm etidye istwa piramid yo? Mwen panse petèt yon dam isi a te leve men l. Dakò.

<sup>21</sup> Bondye te ekri twa Bib. Youn nan yo se te Zodyak la nan syèl la, sa se premye Bib la. Lòm te dwe gade anlè pou reyalize ke Bondye soti anwo. Swiv Zodyak la, èske w te janm etidye li? Li menm bay chak laj, menm laj kansè a. Li bay kòmansman an, pre- . . . nesans Kris la. Kisa ki premye siy nan Zodyak la? Vyèj la. Kisa ki dènye siy lan? Leo lyon an. Premye Vini an ak dezyèm Vini Kris la, tout sa ekri anndan la.

<sup>22</sup> Apre sa pwochen Bib la te ekri, se te nan wòch, yo te rele “piramid.” Bondye te ekri nan piramid yo. Si w etidye yo, gade istwa ansyen yo ak lagè yo, kijan yo te bati anvan destriksyon anvan delij la.

<sup>23</sup> Twazyèm lan te ekri sou papye, Bib la, pou gwo mond entèlijan entèlektyèl ki t ap vini an. Kounye a, kòm Bondye te pakouri atravè aj yo, nou nan laj Leo lyon an. Nou nan laj piramid la pral kwafe. Nou nan Liv Apokalips la, nan dènye chapit la. Lasyens di nou rete twa minit anvan minwi. O, panse a ki kote nou ye.

24 E remake, ann pran piramid lan, se fasil. Li fonksyone yon jan tankou nan yon triyang.

25 Lè nou te anba isi a nan kòmansman laj primitif legliz la, apre Refòm nan tan Luther a, jis poutèt yon nonm deklare li te yon Kreyen, swa sa te vle di lavi l oswa lanmò. Yo touye l poutèt li menm di li te yon Kreyen. Se poutèt sa pou pase nan pèsekisyon. . . Chak laj, atravè tout tan, te gen pèsekisyon. “Tout sa yo k ap viv pye nan Kris Jezi va soufri pèsekisyon.” Nan laj Luther a, sa te fèrib pou di ou se “yon Literyen.” Ou te konsidere kòm yon fanatik, e yo te ka touye w. Anpil fwa yo te touye yo sou poto, yo te boule yo, ak tout lòt bagay, poutèt yo te Literyen.

26 Apre sa legliz la te retresi, tankou piramid lan. Li te antre nan yon lòt etap nan lagras, ki te sanktifikasyon. Nan tan Wesley, lè li te pwoteste kont legliz Anglikan an, li te anseye sanktifikasyon. Li te vin an minorite la ankò, alò yo te rele yo yon bann fanatik.

27 Konbyen isi a ki te Metodis, oswa ki te konn ye, oswa ki te konekte yon fwa ak legliz Metodis? Mwatye nan nou. Èske nou te konnen ke legliz Metodis te prèske gen Sentespri a yon fwa? Mwen t ale nan legliz Metodis epi m wè yo tonbe atè a, epi yo voye dlo nan figi yo epi yo vante yo ak yon vantilatè, pou anpeche Sentespri a vin sou yo. Se vre. Bon, se laverite, laba a nan ti mòn Kentucky yo kote nou te gen Metodis. Noumenm mesye yo se manm legliz isi a. Nou te gen Metodis laba a, ak Batis. Nou t al mete nou ajenou devan lotèl la epi nou te konn bay youn lòt tap nan do jouk nou te resevwa yon bagay. Nou te pase atravè, nou te viv diferan apre sa.

28 Men ou jis vini epi mete non w sou liv la epi di: “M se yon Metodis.” Epi yo pran boutèy pou souke sèl la epi yo farinen yon ti dlo sou ou, epi sa rete la. Ou resòti deyò a epi ou mete bout pantalon, ou makiye, w al nan kous chwal yo, ou parye, ou fè jwèt aza, ou jwe nan machin ak kòb ak tout lòt bagay, nou se bon Metodis kanmenm, ou wè. Sa se pa Metodis. Sa se jis manm legliz. Se vre. Batis yo, menm bagay la, Presbiteryen yo, ak tout lòt yo, menm bagay la.

29 Jan David duPlessis te di: “Pitit pitit yo, Bondye pa gen okenn pitit pitit.” Bondye pat janm gen yon pitit pitit. Li gen pitit, men pa pitit pitit. Se vre. Ou. . . e yon moun ki fè l manm nan legliz Metodis la, oswa legliz Pannkotis, oswa legliz Batis, paske manman w oswa papa w te Pannkotis oswa Batis, alò ou se yon pitit pitit. Yo te pitit. Ou se yon pitit pitit, ou wè. Kifè Bondye pa gen anyen konsa. Legliz la gen anpil nan sa, men pa—men pa—pa—pa. . . Bondye pa genyen.

30 Kounye a, remake byen, bagay yo te kontinye konsa jouk sa rive kounye a nan pwen kote legliz la, li se yon minorite. Laj Pannkotis la vini. Sa sètènman redrese anpil bagay. Alò kisa sa te fè? Li te jis kite tout Metodis yo ak Literyen yo deyè.

31 Kounye a Sentespri a te deplase imedyatman lwen laj Pannkotis la. Kisa yo te fè? Yo te òganize, yo te di tèt yo: “Nou se Asanble Bondye yo.” “Nou se Initè yo.” “Nou se Binitè yo.” “Nou se Legliz Bondye a.” “Nou se *sesi* a, oswa *sela*. Si ou pa fè w manm, ou pa ka antre nan Syèl sòf si ou gen non w nan liv nou an.” O, bagay san sans konsa! M pa bezwen konnen si w se Batis, Metodis, Presbiteryen, ou mete non w nan Liv Lavi a lè Bondye mete l la. Si w te predestine pou Lavi Etènèl, Bondye ap rele w yon fason, yon jan, yon—yon fason oswa yon lòt. Li pral fè l sèten. “Tout sa Papa a ban Mwen va vin jwenn Mwen.” Kèlkeswa legliz ou fè pati a, sa pa gen anyen pou wè ak sa. Men denominasyon an p ap janm fè yon sèl bagay pou ou, men li ta ka jennen w anpil nan mach ou ak Bondye, men li p ap—li p ap janm fè anyen lòt. Rasanble ou ansanm ak yon pakèt kwayan ak enkwayan. Natirèlman, ou kontre ak sa tout kote w ale, e yo menm te gen sa nan Syèl la. Kifè, se kòrèk, men w ap gade sou denominasyon w lan. Gade Jezi, Li se Sila pou gade a.

32 Bon kòm nou rive drèt nan . . . yo te gen . . . Konbyen . . . Mwen kwè madanm sa isi a te leve men l, ke w te etidye piramid yo. Ou konnen, piramid la pa t janm kwafe, èske se sa? Pa t janm gen pyè angilè a sou tèt li. Yo pa t janm, yo pat ka menm jwenn li. Yo pa konn kisa k te janm rive l. Poukisa? Poukisa yo pa t mete pyè angilè a sou tèt li, pyè prensipal la, sou tèt li? Paske yo te rejte L lè L vini. Li te Pyè ki te rejte a. Se vre. Men li pral kwafe. Se vre. Epi pyè sa yo ki ajiste ak Pyè Prensipal sa a, yo pral dwe pyè ki si tèlman tankou Pyè sa a, opwen ke yo pral ajiste pafètman avè l, jwenti ak tout—tout kote. Piramid la tèlman pafè ou pa ka fè yon lam razwa pase nan mitan yo, kote pyè sa yo jwenn ansanm lan. Se si tèlman yon bèl masonri. Kèk nan yo te peze dè santèn de tòn anlè la a, e yo te asanble yo si tèlman pafè ansanm.

33 Se fason sa Bondye ap fòme Legliz Li. Nou byen ini ansanm ansanm, yon sèl kè ak yon sèl akò. Kounye a yon moun di: “Ebyen, Literyen yo nan epòk sa la a pa t gen anyen.” Piga nou kwè sa. Literyen yo pral parèt nan rezirèksyon an jis menm jan ak rès lòt yo pral parèt nan rezirèksyon an. Batis yo, Presbiteryen yo, ak tout pitit Bondye yo, va parèt nan rezirèksyon sa. E se pou rezon sa a jodi a moun yo di: “O, ebyen, pral gen yon gwo revèy ki pral baleye bò isit la epi sa pral sove san milyon Pannkotis. Yo tout va sove epi se va Anlèvman an.” Ou fè erè. Anlèvman sa va dè santèn de milye, se vre, men yo pral fòme ak sis mil ane sali tou, sis mil ane ki pase yo. Lòm mache nan Limyè a ofiamezi Limyè a vin jwenn li, li travèse pon yo lè li rive sou yo. Kounye a, si l refize L, alò li rete nan fènwa. Men si l kontinye ap avanse!

34 Kounye a, remake, alò Vini Seyè Jezi a tèlman pwòch opwen ke Lespri a ki te kòmanse anba isi a . . . jis apèn avèk jistifikasyon an, sanktifikasyon an, batèm Sentespri a, e kounye a drèt nan tan vini Pyè prensipal la. Legliz la dwe tèlman pafètman tankou Kris jiskaske Kris ak Legliz la ka ini ansanm, menm Lespri a.



E si Lespri Kris la nan ou, Li fè w viv lavi Kris la, mennen lavi Kris la, fè zèv Kris yo. “Sila ki kwè nan Mwen, zèv ke Mwen fè yo li va fè yo tou.” Se Jezi ki te di sa. Ou wè? Kounye a nou pral genyen, nou gen yon ministè k ap vini ki jis egzakteman tankou lavi Kris la. Ki sa ministè sa idantifye? Vini Seyè a.

<sup>35</sup> Gade sa k ap pase nan lemond jodi a, epi gade sa Khrushchev ap di, tout lòt gwo evènman sa yo, ak gwo konfli yo atravè lemond ki ta ka eklate, nenpòt kilè, tout bagay ta ka redui an poud nan nenpòt segonn. Se vre. E si se sa, nou konnen ke se pwòch. Nenpòt moun ki sanse ka li nan jounal oswa koute yon radyo, epi konnen ke se pwòch. Ebyen, sonje, Kris ap vini pou Legliz Li anvan sa rive. Kifè nan ki pwen Vini Seyè Jezi a pwòch? Petèt anvan reyinyon sa a fini aswè a. Nou nan tan lafen an. Sètènman vre.

<sup>36</sup> Obsève legliz la pandan l ap vini, pandan l ap avanse. Jis pran l nan pwòppanse nou, nou menm istoryen yo k ap etidye listwa. Gade legliz Literyen an anba jistifikasyon an, ki te jis fenk soti nan Katolik, gade l k ap avanse. Apre sa gade Wesley ki apwoche on tijan pi pre, nan sanktifikasyon, k ap antre pi fon nan Lèzekriti. Gade drèt s ak nan mitan tou de, Wesley a. Alò pwochen bagay ki te vini an se te laj Pannkotis la. E laj Pannkotis la ak restorasyon don yo, don espiyèl yo. Kounye a, gade laj k ap vini kounye a jis anwo a nan Wòch prensipal la. Nou wè sa m vle di a? Vini Seyè a, kote sa manifeste a. Bondye ak tout kreyasyon an ap tann pou legliz la pozisyon nan plas li.

<sup>37</sup> Pwoblèm lan jodi a, mwen . . . prèske tout moun mwen te rankontre. Yo te woule m fè m soti, nou t ap pran . . . M dwe fè yon egzamen fizik, ou konnen, si nou pral lòt bò dlo, noumenm misyonè yo e latriye nou konnen sa. Lè m t ap pase egzamen yo te fè m soti nan sal la la, Mwen t ap bwè vye sa . . . ki te sanble ak pat pou mwen, oswa farin, oswa yon bagay, e mwen—mwen t ap bwè l. E m te soti la, m te chita, m te ret tann yon demi èdtan pou m wè si l te soti nan lestomak mwen ou non. M te gade lòtbò a la, e te gen yon ti madanm, te sanble li te jis sou pwen pou l mourir. Li te tèlman . . . ti janm ak ti bra. E m te kontinye ap avanse soti bò kot nonm sa a al bò kot nonm sa a, bò kot nonm sa a al bò kot nonm sa a, m te apwoche pi pre li, jouk mwen te rive kote l te ye a. Li te sanble ak yon pòv ti bagay ki te sou pwen pou l mourir. Epi m te pwoche bò kote l, m di: “Ekskize m, madam.”

Li di: “Kijan w ye?” O, li te tèlman malad!

Epi mwen di: “Kisa ki mal?”

<sup>38</sup> Li di: “Mwen te ale Tucson pou vizite pitit fi m lan. Mwen vin tonbe malad, yo pa ka jwenn kisa m genyen.”

<sup>39</sup> Mwen di: “Yon bagay mwen vle mande w.” Mwen di: “Mwen se yon predikatè Levanjil. Èske w se yon Kreyen? Èske w pare pou ale si lè sa va rive?”

Epi li di: “Mwen se manm tèl tèl legliz.”

40 Mwen di: “Se pat kesyon m te poze w la. Èske w se yon Kreyen ki ranpli ak Lespri Bondye epi pare pou pati lè Li va rele w?” Madanm lan pat menm konnen de kisa m t ap pale. Ou wè? O, ala sa fè pitye espetak mond lan ye a!

41 Bon, “fè nou konnen mistè volonte L yo,” vini an . . . Kite m li yon bagay pou nou. Mwen t ap li nan . . . Ann vire kounye a nan “mistè volonte Li.” Ann vire nan Ebre isi a jis yon minit, chapit 7 la nan Ebre, mwen kwè se sa. E m ta renmen li yon bagay pou nou ki tap jis fè nou santi n tèlman byen lè nou panse a nou ki chita ansanm nan lye Selès yo. Ebre, chapit 7 la.

*Mèlkisedèk sa a, (Kounye a gade.) se te wa peyi Salèm, yon prèt ki t ap sèvi Bondye ki anwo nan syèl la . . .*

42 Kisa k mistè a kounye a? Men mistè a, obsève sa. Ki moun Pèsonaj sa a ye, ki “ap fè, konnen, mistè volonte Li a,” Mèlkisedèk sa a? M ap tann tout moun pare isi a, gen moun ankò k ap chache nan Bib yo. Ebre, chapit 7, se Pòl k ap pale, menm nonm nan Galat yo.

*Mèlkisedèk sa a, se te wa peyi Salèm, yon prèt ki t ap sèvi Bondye ki anwo nan syèl la. Lè Abraham t ap tounen lakay li, apre li te fin kraze kèk wa nan yon batay, . . . vin kontre l, li ba l benediksyon.*

*Lè sa a, Abraham separe ba li yon pati, dizyèm nan tou sa li te pran. Non Mèlkisedèk la gen de sans. Nan yon premye sans, sans, li vle di Wa ki bay jistis la . . . akòz li te wa peyi Salèm, li gen yon dezyèm sans. (Kilès Pèsonaj sa ye?) Li vle di tou Wa ki bay kè poze a.*

*Mèlkisedèk sa a, nou pa konn ni papa l, ni manman l, ni okenn nan zansèt li yo. Yo pa di ki bò l te fèt, oswa ki bò l mouri . . .*

43 Ki moun Nonm sa te ye? Ki moun Li te ye? Li pa t janm gen yon papa, Li pa t janm gen yon manman, Li pa t janm genyen lè Li te kòmanse, oswa pa t janm gen yon tan Li te janm mouri. Li te rankontre Abraham ki te vin sot masakre wa yo. Kisa l t ap fè? Li te soti al chache Lòt, frè l ki te pèdi a, pou mennen l tounen. E li te masakre wa yo; ke, wa yo ki te masakre; Mwen kwè dis oswa kenz wa, ak wayòm yo. Men Abraham te ame sèvitè l yo epi l te pati dèyè l, li te separe twoup li a lannwit, ou wè, lè l te pran l diran nwit la. O, frè, n ap travay nan fènwa kounye a, sèl Limyè nou genyen se Limyè Levanjil la. Men li te separe twoup li a, epi li te pran l e li te mennen l tounen. Epi sou wout retounen li, apre batay la te fini!

44 Ann al nan Jenèz 14, jis yon minit, pou rann istwa a pi klè. Ann al bò isi a nan Jenèz, kat- . . . Mwen kwè se 14 lan, Jenèz 14. Wi, ann pran Jenèz 14:18, pou kòmanse. Ann kòmanse jis yon ti kras anvan sa. Ann kòmanse, wi, vèsè 18 la, Jenèz 14:18, “E Mèlkisedèk . . .” Kounye a, sa se Abraham k ap retounen kounye

a vin sot masakre wa yo. Li te retounen, li te sou wout retounen, li te mennen Lòt tounen, tout moun ke yo te anlve yo. Tout!

45 Tankou David, ki te ale epi ki te pran. . . Kisa David te fè? Li te pran ti fistibal la, li te pati epi li te rache ti ayo sa sot nan bouch lyon an. Panse a yon fistibal, pou al dèyè yon ayo. Ki moun nan mond lan ki t ap fè sa? Di m ki nonm isi a ki t ap fè l, leve men w. M ap di w byen vit ou antò. Nou pa t wè m leve pa m lan anlè. Non, se apèn, si m ta pral dèyè l ak yon trant sis. Men li t al dèyè l ak yon fistibal, yon jan de ti moso kwi, ak de bout fisèl, ke l t ap fè tounen. Paske. . . E lè moman an rive pou Golyat te fè dyòlè li a, li t al dèyè Golyat, e li te di: “Bondye nan Syèl la kite m delivre yon ayo sot nan bouch yon lyon, sot nan bouch yon lous.” Li te konnen se pat yon fistibal. Se te pwisans Bondye ki te ale avè l. Li te Sila ki te mennen ayo a tounen.

46 E se sa nou di jodi a. Bondye gen dè David ki ret kole bò isi a, wi mesye, k ap nourri mouton Papa yo. E tanzantan yon timè pral parèt, oswa yon kansè pral parèt, oswa yon bagay, epi la doktè a pa ka fè anyen. Sa p ap kanpe David sa, l ap pati touswit al la a dèyè kanmarad sa, ak yon ti fistibal “mande nenpòt bagay nan Non Mwen, ou va resevwa l.” M pa bezwen konnen, doktè yo ka ri, epi tout lòt moun ka pase l nan rizib, li pral dèyè l kanmenm, l ap mennen mouton sa tounen nan pak la. Wi, mesye. “Li se pitit Bondye, retire men w sou li!” Li frape lyon sa a atè, apre sa lyon an te leve, li te atrap li nan bab li epi l te touye l; yon ti bout gason tou wouj, petèt li te peze katreven oswa katrevendis liv.

47 Gade. Mèlkisedèk, Wa Salèm lan ki se Wa Lapè, alòske an reyaltite Salèm tabli lòtbò ti mòn lan. Se Wa Jerizalèm lan, men Ki moun li te ye a. Se egzakteman Kiyès li te ye a, Wa Jerizalèm. Alòske, Jerizalèm te rele anvan Salèm, ki te lapè; sa te Jerizalèm an premye, anvan yo te rele l Jerizalèm. Li te Wa Jerizalèm. Li te Wa jistis la, Wa lapè, Wa Salèm. Li pa t gen okenn papa, Li pa t gen okenn manman, Li pa t gen okenn kòmansman jou, Li pa t gen okenn fen lavi, Li pa t gen okenn desandan. O, o, o! Ki moun Pèsonaj sa ye? Obsève Li. Apre batay la te fini, apre yo te fin genyen laviktwa, gade sa Li te di. “E Mèlkisedèk,” vèsè 18 la, chapit 14 la, nan Jenèz.

*Mèlkisedèk menm ki te wa peyi Salèm fè pote pen ak diven vini. Se yon prèt ki t ap sèvi Bondye ki anwo nan syèl la li te ye.*

*Li beni Abram, li di. Se pou Bondye ki anwo nan syèl la, li menm ki fè syèl yo ak latè a, beni Abram.*

*Lwanj pou Bondye ki anwo nan syèl la. Se li menm ki te lage lènmi ou yo nan men ou. Apre sa, li ba li yon dzyèm nan tout sa li te pran.*

48 Ann li yon ti kras pi lwen.

*Lèfini, wa Sodòm lan di Abraham. Ou mèt gade tout byen yo pou ou. Men ban mwen moun yo sèlman.*

*Abram reponn bay wa Sodòm lan, li di l. Mwen fè sèman devan SEYÈ a, Bondye ki anwo nan syèl la, li menm ki fè syèl yo ak latè a, (Tande kijan li te abreje sa, hum, kijan li te ba li !)*

*mwen p ap pran anyen nan sa ki pou ou, li te mèt yon ti moso fil, yon kòd sapat. pa anyen nan sa . . . e te ka di, e sa ki pou ou, . . . Konsa, ou p ap janm ka di se ou menm ki fè Abram rich.*

*Mwen pa bezwen anyen pou tèt pa m. Men, m ap asepte sa moun mwen yo . . . manje, . . .*

49 Remake Mèlkisedèk sa osito ke Li te rankontre Abraham ki te vin sot masakre wa yo. Mistè Bondye a ke kounye a y ap konnen! Ki moun Li te ye? Pèsonn . . . Yo pa ka jwenn okenn istwa sou Li, paske Li pa t gen okenn papa, Li pa t gen okenn manman, Li pa t janm gen okenn lè Li te kòmanse, Li pa t janm gen okenn lè Li ta janm mouri, alò kèlkeswa Sila Li te ye a Li toujou vivan. Li pa t janm gen yon kòmansman, kifè Li pa t ka okenn lòt moun ke El, Ela, Elohim; ki egziste pa Limenm, ki rete pou kont Li, Bondye Toupwisan an!

50 Jezi te gen yon Papa, Jezi te gen yon manman; Jezi te gen yon kòmansman jou, Jezi te gen yon fen lavi sou tè a. Men Nonm sa pa t gen ni papa ni manman, amèn, ni papa ni manman. Jezi te gen tou de Papa ak manman. Nonm sa pa t gen ni papa ni manman. Amèn. E kisa L te fè, apre batay la te fini, apre Abraham te fin pran pozisyon li?

51 Apre Legliz la fin pran pozisyon Li, yo rele nou pou adopsyon pitit gason yo, pa Sentespri a. E lè chak nonm pran pozisyon pa l, sa Bondye te rele l pou l fè, epi li kanpe fèm jouk nan fen wout la, l ap chache moun ki pèdi yo.

52 Premyèman, Pòl retire tout laperèz nan li, kifè kounye a, “Si yo rele w, si w pa jis eksite nan panse w pa kèk kalite teyoloji, si w fèt vrèman nan Lespri a, alò Bondye te predestine w anvan fondasyon mond lan, mete non w nan Liv Lavi Ayo a, e kounye a nou reyini ansanm pou chita nan plas Selès yo nan Kris Jezi. Yon pèp ki sen, yon nasyon ki sen, yon pèp espesyal, prèttriz wayal, k ap ofri sakrifis espiritiyèl bay Bondye, sa se, fwi nan bouch nou k ap bay lwanj pou Non Li.”

53 Moun yo vin isi a epi yo di: “Moun sa yo fou.” Sèten se sa yo ye; sajès Bondye a se foli pou lòm, e sajès lòm se foli pou Bondye. Yo kontrè, youn ak lòt.

54 Men yon vrè legliz ranpli ak Lespri, plen ak pwisans Bondye, chita ansanm nan lye Selès yo, ap ofri sakrifis espiritiyèl, lwanj pou Bondye, Sentespri a ap bouje nan mitan yo, ap disène peche epi ap denonse bagay ki nan mitan yo ki pa bon, pou mete yo dwat epi fè yo mache nan dwati ak onètete. Paske poukisa? Se toujou nan Prezans Bondye ke Sakrifis san sa ye.

55 Kounye a sonje, nou te pale de sa maten an. Nou pat sove pa San an, nou *rete* sove pa San an. Men nou te sove pa gras, atravè lafwa, nan kwè nan Li. Bondye te frape nan kè nou paske Li te predestine nou. Nou te leve je nou gade epi nou te kwè l, nou te aksepte l. Kounye a San an fè yon ekspiyasyon pou peche nou yo. Sonje, mwen te di: “Bondye pa kondane yon pechè poutèt li peche.” Li se yon pechè pou kòmanse. Li kondane yon Kreyan poutèt li peche. Epi paske Li te kondane l, Kris te pran kondanasyon nou an. Kifè pa gen okenn kondanasyon pou sila yo ki nan Kris Jezi, ki p ap mache dapre lachè, men dapre Lespri a. E si w fè yon bagay ki mal, se pa ak pwòp volonte w. Ou pa fè peche ak pwòp volonte w. Yon nonm ki fè peche ak pwòp volonte l, ki soti epi ki peche ak pwòp volonte l, li poko janm antre nan Kò sa. Men yon nonm ki yon fwa anndan la, li mouri, e lavi l kache nan Bondye, atravè Kris, sele pa Sentespri a, e dyab la pa menm ka jwenn li, li tèlman lwen anndan la. L ap oblije soti la anvan dyab la ka janm pran l. “Paske nou mouri!”

56 Di yon nonm ki mouri li se yon ipokrit epi gade sa k ap pase. Ba l on kout pye bò kòt li epi di: “Oumenm vye ipokrit, ou menm,” li pa pral di yon mo. E se vre, l ap jis kouche la.

57 E yon nonm ki mouri nan Kris, ou ka rele l ipokrit, rele l nenpòt sa w vle a, li p ap janm reyaji sou sa. Si l gen yon reyaksyon, l ap glise ale yon kote epi priye pou ou. Se vre. Men, o, kèk nan yo trè vivan. Se sou sa m ap panse, nou sipoze antere moun mouri. Sila yo ki mouri nan Kris, nou antere yo nan dlo. Pafwa nou antere twòp moun ki vivan, twòp malis ak kont, e gen twòp nan legliz la. Men nou pa ka fè triyaj la, men se Bondye ki fè l. Li konn moun Li yo. Li konn mouton L yo. Li konn chak vwa. Li konn pitit Li yo. Li konnen kimoun Li ka rele, Li konnen kimoun Li te predestine. Li konnen a kimoun Li te bay bagay sa yo, nan kisa L ap fè konnen Tèt Li. Kijan Li . . . Bondye ka mete konfyans nan pitit Li yo, sou sa pou yo fè, nan konnen ke yo pral fè l egzakteman.

58 Èske nou kwè Bondye fè sa? Enben, Satan te pale ak—ak Jòb yon jou . . . te di Bondye yon jou: “Wi, Ou gen yon sèvitè.”

59 Bondye di: “Pa gen okenn sou tè a tankou l. Li se yon nonm pafè.” Li te gen konfyans nan li.

60 Satan di: “O, wi, li gen tout bagay fasil. Kite m genyen l pou yon ti moman epi m ap fè l modi W nan figi Ou.”

61 Li di: “Li nan men w, men piga w pran lavi l.” Ou wè? E li te fè tout bagay eksepte pran lavi l.

62 Men, o, Jòb, olye pou . . . kisa l te fè? Èske li te modi Bondye lè Bondye te pran pitit li yo, lè li te fè l tout move bagay sa yo, ak tout bagay? Jòb pat poze kesyon. Li te tonbe sou fas li epi l te adore. Alelouya! Li te di: “Seyè a bay epi Seyè a retire, ke Non Seyè a beni!” Men ni.

63 Bondye te konnen konfyans Li nan Jòb. Bondye konnen nan ki pwen Li ka fè w konfyans. Li konnen nan ki pwen Li ka fè m konfyans. Men sa n ap pale kounye a se plase timoun sa.

64 Kounye a, lè Bib la . . . Lè batay la fini nèt, lè tout bagay fini, alò ki pwochen bagay nou fè? Ki bagay nou fè apre batay la fini? Èske nou te konn sa nou fè? Nou rankontre Mèlkisedèk. Ann pran Matye 16:16, byen rapid, pou wè si se vre ou non. Sen Matye, chapit 16 ak vèsè 16. Mwen trè sèten ke sa kòrèk, Matye 16:16. Matye sè- . . . Non, sa pa bon, li pa ta ka pre konsa. 26:26. O, 16 isi a, L ap pale ak Simon Pyè; ekskize, m pat vle di sa. 26:26, paske se jis dènye soupe a, se nan sa m ap eseye rive. Matye, chapit 26 la ak vèsè 26 la. Kounye a nou jwenn li, men nou, nan dènye soupe a.

*Antan yo t ap manje, Jezi pran pen, li di Bondye mèsi, li kase l, li bay disip Li yo, li di: Pran, manje. Sa se kò mwen.*

*Apre sa, li pran yon gode diven, li di Bondye mèsi, li pase l ba yo, li di: Se pou nou tout nou bwè ladan li.*

*Paske, sa se san mwen, san ki siyen kontra nouvo testaman an, pou san ki koule pou anpil moun jwenn padon pou peche yo (p-e-c-h-e, peche, Kreyen ki fè bagay ki mal).*

65 Dakò, “Men—men . . .” Koute, vèsè 29 la.

*M ap di nou sa: Depi jòdi a, mwen p ap janm bwè diven ankò jouk jou m a bwè yon lòt diven ansanm ak nou nan peyi kote Papa m wa a.*

66 Kisa? Menm bagay Mèlkisedèk te fè a apre Abraham te fin jwenn pozisyon li. Li te mete mesye l yo nan lòd, epi li te genyen batay la, epi li te vin lakay li, e Mèlkisedèk te vini ak pen ak diven. Apre batay la fini, alò n ap manje Soupe Nòs la ak Seyè Jezi nan monn nouvo a. O, ke Non Seyè a beni. Dakò.

67 “Mistè volonte Li, selon bon plezi L,” ann tounen kounye a ankò nan Efezyen, 9, “ke Li te gen entansyon nan Limenm.”

*Dapre dispansasyon plenitid tan an, . . .*

68 Epi sonje ke, nou te fèk pase sou sa. Efezyen, chapit 1, vèsè 10.

*Dapre dispansasyon plenitid tan an, . . .*

69 Kounye a, nou te aprann ke plinitid tan an ap tann kisa? Plenitid tout tan an, tan kote lè peche va sispann, tan kote lanmò va sispann, tan kote maladi va sispann, tan kote peche va sispann, tan kote tout pèvèsyon yo (bagay pèvèti sa yo, ke dyab la te pèvèti) va sispann, lè tan an li menm va sispann. Gade.

*Dapre dispansasyon plenitid tan an, ke Bondye ap reyini . . . tout bagay nan Kris, sa yo ki nan syèl la ansanm ak sa yo ki sou latè a, anba li.*

70 “Reyini tout bagay atravè Kris.” Jan m te di maten an, tout ti pepit ke nou jwenn yo, ti bagay glorye sa yo, nou ka poli yo nan Jenèz, nou ka poli sa yo nan Egzòd, nou ka poli sa yo nan Levitik, epi kontinye avèk yo konsa, epi nan Apokalips yo va fini pa vin Jezi. Pran Jozèf, pran Abraham, pran Izarak, pran Jakòb, pran David, pran nenpòt nan pepit sa yo, òm de Dye sa yo, epi gade si w pa wè Jezikri manifeste nan yo chak. “Pou Li te ka reyini tout bagay nan Youn, Kris Jezi.”

71 Kounye a, ann avanse yon ti kras pi lwen la a, kounye a vèsè 11 lan.

*Nan li tou nou resevwa yon eritaj, . . .*

72 O, “yon eritaj.” Yon moun dwe kite yon bagay pou ou, pou erite li. Èske se vre? Yon eritaj! Ki eritaj nou genyen? Ki eritaj mwen te genyen? Mwen pa t gen okenn. Men Bondye te kite yon eritaj pou mwen lè Li te mete non m nan Liv Lavi Ayo a anvan fondasyon mond lan.

73 O, ou di: “Kounye a, tann yon minit, frè, Jezi te fè sa lè Li te mouri pou ou.” Non, Li pa janm fè l. Jezi vin achte eritaj sa pou mwen. Li trè pwochen vè- . . . pwochen liy lan menm.

*Nan li nou menm tou nou resevwa aparan . . . resevwa yon eritaj, . . . nou se moun Bondye te chwazi depi davans dapre plan li k ap fè tout bagay rive dapre konsèy pwòp bon volonte li.*

74 Bondye, anvan fondasyon mond lan, jan nou te wè l pandan lesan an, nou menm moun yo, kijan nou te wè Bondye te egziste pa Limenm, kijan ke nan Li te gen lanmou. Nan Li se pou L te Bondye; pat gen anyen pou adore L. Nan Li se te pou L yon Papa; te gen . . . Li te poukont Li. Nan Li se te pou L yon Sovè; pat gen anyen ki pèdi. Nan Li se te pou L yon Gerisè. Sa se atribi L yo. Pa t gen anyen la. Kifè Pwòp Tèt Li, Pwòp bon konsèy Li te pwodwi bagay sa yo, pou L te ka atravè yon sèl Nonm sa, Kris Jezi, reyini tout sa ansanm ankò. O! “Je pa t wè, zòrèy pa t . . .” Se pa etonan se yon bagay misterye!

75 Gade, “ki predestine nou pou eritaj sa a.” Si m se yon vrè eritye de yon bagay, si Bondye frape nan pòt kè m epi Li di: “William Branham, Mwen te rele w sa fè lontan, anvan fondasyon mond lan, pou preche Levanjil la,” Mwen gen yon eritaj, yon eritaj Lavi Ètènèl. Kounye a, Bondye te voye Jezi pou rann eritaj sa reyèl pou mwen, paske pat gen anyen m te ka fè pou—pou eritye li. Li te vid, li te valab, pa gen anyen m te ka fè. Men nan plenitid tan an Bondye te voye, nan Pwòp bon moman pa L, Jezi Ayo a, ki te imole depi fondasyon mond lan. San l te koule pou m te ka ale nan eritaj mwen an. Pou m sa kisa? Ki eritaj? Pozisyon pitit la, pou vin yon pitit gason Bondye.

76 Epi kounye a Sa ka jis toufe nou amò. Men èske nou te konnen ke lèzòm ki se pitit Bondye yo se dye amatè? Konbyen ki te janm konn sa? Konbyen ki konnen ke Jezi te di sa? Bib la, Jezi te di:

“Èske lwa nou an pat di, limenm, ke nou se ‘dye’? E si nou rele sila yo dye . . .” Ke, Bondye te di nan Jenèz 2 ke yo te dye, paske se sa yo te ye, yo te gen plen otorite sou anpi mond lan. Li ba l otorite sou tout bagay. E li te pèdi divinite li, li te pèdi pozisyon pitit li, li te pèdi anpi li, e Satan te pran pouvwa a. Men, frè, n ap tann manifestasyon pitit Bondye yo ki pral retounen pou pran l ankò. N ap tann plenitud tan an, lè piramid lan rive anlè tèt li, lè pitit Bondye yo va manifeste totalman, lè pwisans Bondye a va mache pou pi devan (alelouya) epi pral pran tout pwisans ke Satan te anpeche l pran. Wi, mesye, li pou li.

<sup>77</sup> Li se Logos la ki te soti nan Bondye, sa se vre, se te Pitit Bondye a. Apre sa Li te fè lòm ti dye sa. Epi Li di: “Si yo rele sila ke Pawòl Bondye te vin jwenn yo a, pwofèt yo, si yo rele yo ‘dye’ sila ke Pawòl Bondye a vin jwenn yo . . .” E Bondye te di sa, Limenm, ke yo te dye. Li te di Moyiz: “M te fè w yon dye, e M te fè Arawon pwofèt ou.” Amèn. Ouf! Mwen ka ajì tankou yon fanatik relijye, men mwen pa sa. O, lè je w ka vin louvri epi wè bagay sa yo. Trè byen. Li te fè lòm yon dye, yon dye nan anpi li. E anpi li soti nan yon lanmè al nan yon lòt, bò yon rivaj al bò yon lòt; li gen kontwòl li.

<sup>78</sup> E lè Jezi te vini, etan Sèl Bondye ki san peche, Li te pwouve sa. Lè van yo te soufle, Li di: “Lapè, rete trankil!” Amèn. Epi lè pyebwa a, Li te di: “Ke pèsonn pa manje nan fwi ou.”

<sup>79</sup> “An verite, Mwen di nou, nou menm ki se ti dye, si n va di mòn sa: ‘Deplase,’ epi n pa doute nan ke nou, men kwè ke sa n te di a pral rive, nou ka gen sa n te di a.”

<sup>80</sup> Retounen drèt nan Jenèz, nan orijinal la, ki sa li ye? Kounye a mond lan ak lanati ap jemi, ap kriye, tout bagay ap ajite. Kisa? Pou manifestasyon pitit Bondye yo, lè vrè pitit gason yo, pitit gason ki ne yo, pitit gason ki ranpli yo pale epi pawòl yo apwouve. Mwen kwè nou sou papòt sa la kounye a menm. Wi, mesye. Di montay sa, ke li fèt konsa.

<sup>81</sup> “Frè, mwen—mwen anvi *tèl tèl* bagay, pou yon sèten bagay fèt. Mwen se yon kwayan nan Jezikri.”

<sup>82</sup> “Mwen ba ou li nan Non Seyè Jezikri a.” Amèn. Men yon manifestasyon.

<sup>83</sup> “O, frè, rekòt mwen yo ap boule laba a. Mwen pa t gen okenn lapli.”

<sup>84</sup> “M ap voye lapli pou ou, nan Non Seyè a.” Men l ap vin la. O, ap tann, ap plenn, tout lanati ap tann manifestasyon pitit Bondye yo. Bondye te òdone l nan kòmansman an. Li te bay lòm anpi a.

<sup>85</sup> Li te bay Jezikri, e Jezi te bay li nan Non Li, avèk asirans sa a: “Mande Papa a nenpòt bagay nan Non Mwen epi M va fè l.” O, Frè Palmer! Ap tann manifestasyon pitit Bondye yo, pozisyon an, Legliz la!



86 Jan m te di a, Liv Efezyen an se Liv Jozye a, e Jozye ap mete moun yo kote pou yo ye a. Bon, si yo pa vle rete trankil, epi li te mete Efrayim *isi a*, epi lòt bò a nan teren Manase a, epi *sila* a retounen ap ajite epi ap enève, kijan yo pral janm antann yo? lè youn ap di: “M se yon Batis, m se yon Metodis, m se yon Pannkotis, m se Inité, m se Binitè, m se *Tèl tèl bagay*.”

87 Kijan w pral fè l? Rete trankil! Bondye vle plase Legliz Li, pitit gason ak pitit fi Bondye yo. Bondye, kite m viv pou m wè l, se priyè m. Se tèlman pre jouk mwen ka jis prèske touche l ak men m, sanble sa. Li drèt la. Se sa m te anvi wè, m ap tann moman an lè n ap mache desann nan lari a, men yon enfim ki blayi lonje la, depi nan vant manman l: “Mwen pa gen ni lajan ni lò.” O, ap tann manifestasyon pitit Bondye yo, alelouya, lè Bondye va fè konnen Tèt Li, lè yo va sispann maladi, yo va sispann kansè, yo va sispann maladi.

88 Nou panse kansè se yon bagay? Bib la di ke gen yon tan k ap vini kote lèzòm va pouri drèt nan chè yo, epi zwazo biz yo va manje kakas yo anvan menm yo mouri. Kansè se yon mal dan parapò a sa k ap vini an. Men, sonje, bagay terib sa te entèdi nan jou sa pou manyen sa yo ki te gen So Bondye a. Se pou sa n ap fè gwo efò kounye a, pou antre epi plase an pozisyon nan Wayòm Bondye a anvan flewo tèrib sa yo frape. O, ala sa byen! Dispansasyon tan an, plenitid tan an, eritaj la.

*Nan li nou menm tou . . . te resevwa . . . eritaj, nou se moun Bondye te chwazi depi davans . . .*

89 Kouman yo te ba nou eritaj nou an, atravè kisa? Predestinasyon. Predestinasyon se presyans. Kijan Bondye te fè konnen Li te ka fè w konfyans pou w yon predikatè? Pa presyans Li. “Se pa sila ki vle a oswa sila k ap kouri a, oswa li . . . Se Bondye ki fè mizerikòd.” Se vre, predestinasyon. Li te konnen sa ki te nan ou. Li te konnen sa ki te nan ou anvan menm ou vin sou tè a. Li te konnen sa ki te nan ou anvan te gen yon tè pou ou te vini sou li. Sa se—sa se Li. Sa se Bondye enfini an, ki enfini an. Nou limite, nou ka sèlman panse yon fason limite.

90 Sa te sitèlman gen valè pou mwen, depi lè sa te rive m lan. M pa konnen. Lè m panse a sa, ke m te kanpe la pandan moman lajwa sa yo, epi m te di nan tèt mwen: “Pa gen demen.” Pa t gen ayè, pa gen maladi, pa gen lapenn. Pa gen yon ti kras kontantman, alò yon pakèt kontantman nèt; tout se kontantman. O la la! O, lè m te kanpe la epi m te di: “Kisa sa ye?”

91 Vwa sa te di: “Sa se lanmou pafè, e tout bagay ke w te janm renmen ak tout bagay ki te janm renmen w isi a avè w kounye a.”

92 “E ou va prezante nou bay Seyè Jezi a lè Li vini, kòm twofe ministè w.” M te wè bèl medam sa yo ki te kanpe la, yo tout t ap sere m nan bra yo epi yo t ap kriye: “Presye frè, byenneme mwen!” M te wè mesye sa yo ak cheve touf sa yo alantou kou yo

isi a, ap kouri, ap sere m nan bra yo epi y ap di: “Byenneme frè nou an!”

E m te panse: “Kisa sa vle di?”

Li di: “Yo se moun ou yo.”

<sup>93</sup> Mwen di: “Moun mwen yo? Pa ta ka gen anpil Branham sa yo, gen dè milyon.”

<sup>94</sup> Li di: “Yo se konvèti w yo!” Alelouya! “Yo se konvèti w yo. Se sila yo ki . . .” Li di: “Ou wè sila ki kanpe la?” Pi bèl fanm mwen te janm wè. Li di: “Li te pase katrevendizan lè w te kondwi l bay Bondye. Se pa etonan l ap kriye, ‘Byenneme frè m lan.’” Li di: “Li p ap janm granmoun ankò. Sa se nan tan pase pou li. Li nan esplandè jenès la. Li kanpe la. Li pa gen pou bwè dlo frèt, li pa bezwen l. Li pa gen pou lage kò l pou l dòmi, paske li pa janm fatige. Pa gen demen, pa gen yè, ni anyen. Nou nan Letènite kounye a. Men yon jou glorye Pitit Bondye a va vini, e yo va jije w dapre Pawòl ke w te preche ba yo a.” O, frè!

Mwen di: “Èske Pòl dwe mennen gwoup li a?”

“Wi, mesye.”

<sup>95</sup> Mwen di: “Mwen te preche L jis egzaktman tankou Pòl te anonse L. M pa t janm devye, m pa t janm pran nan okenn kredo legliz oswa nenpòt lòt bagay. Mwen te rete menm jan an.”

<sup>96</sup> Epi yo tout te rele fò nan yon sèl akò: “Nou konn sa! N ap repoze ak asirans.” Yo di: “Ou va prezante nou ba Li, epi nou tout va retounen sou tè a ankò, pou viv pou tout tan.” O la la!

<sup>97</sup> Jis lè sa mwen te kòmanse ap vini. M te gade, antan m lonje la sou kabann lan, e m te wè vye kakas mwen an isi a k ap vyeyi epi k ap ride, epi defòme epi—epi afeckte ak maladi ak afliksyon, e m te wè men m dèyè tèt mwen, e m te panse: “O, èske m dwe retounen nan bagay sa ankò?”

<sup>98</sup> E m te kontinye ap tande Vwa sa: “Kontinye avanse! Kontinye avanse!”

<sup>99</sup> Mwen di: “Seyè, mwen te toujou kwè nan gerizon Divin, m ap kontinye kwè l. Men m ap kontinye avanse pou genyen nanm sa yo, kifè ede mwen. M ap tèlman fè anpil antre laba a m ap . . . Kite m viv, Seyè, e m ap fè antre yon lòt milyon laba a, si W ap jis kite m viv.”

<sup>100</sup> M pa bezwen konnen ki koulè, ki kredo, ki nasyonalite, ki sa yo ye, yo tout se youn lè yo rive la, e liy fwontyè sa yo disparèt. O, m ka wè medam sa yo, tèlman bèl; m pa t janm wè . . . te desann ba, cheve long desann jouk anba do yo. Jip long desann jouk anba. Yo te pye atè. M te wè mesye sa yo ak touf cheve yo alantou kou yo, cheve wouj, cheve nwa, ak tout koulè diferan. Epi yo t ap antoure m ak bra yo. Mwen te ka santi yo. Mwen te santi men yo. Bondye se Jij mwen, e Liv sakre sa louvri. Mwen te ka santi yo jis menm jan mwen santi men m sou figi m. Yo t ap antoure m ak bra

yo, nanpwen okenn sansasyon fanm tankou l t ap ye kounye a. M pa bezwen konnen kijan w sen, kimoun ou ye, ki kalite predikatè ou ye, prèt oswa kèlkeswa sa w te ka ye a, pa gen okenn gason ki ka kite yon fanm antoure l ak bra li, san l pa gen yon sansasyon imen. Sa se egzaktman laverite. Men, frè, lè w pase ant isi a ak lòt bò a, se pa konsa laba a. O la la! Li tèlman . . . O, gen . . . Li enposib. Se sèlman lanmou ki genyen. Chak moun se yon vrè frè e chak moun se yon vrè sè. Pa gen lanmò, pa gen lapenn, pa gen jalouzi, pa gen anyen, anyen pa ka antre la. Se jis pèfeksyon. Se pou sa m ap lite. Se plas sa ke m vle atenn.

<sup>101</sup> Mwen di: “O Seyè, se pou sa mwen isit la nan legliz la, ap eseye mete legliz la nan lòd.” M ap di nou, frè ak sè, gen yon sèl bagay ki ka antre la a, se lanmou pafè. Pa paske w fidèl a Branham Tabènak la, oswa legliz Metodis la oswa legliz Batis la. Sa yo kòrèk, ou ta dwe konsa. Men, o, zanmi, nou dwe . . . Pa paske nou te pale an lang, te danse nan Lespri, paske nou chase demon oswa deplase mòn avèk lafwa. Tout bagay sa yo kòrèk, paske se kòrèk, men kanmenm amwenske genyen vrè lanmou pafè sa anndan la. Se te la kote lanmou pafè a te ye. E se sèl bagay sa ki va pèmèt ou antre la. Se sèl bagay sa ki ka rete la, se sèl bagay ki te genyen, la. O la la! Se yon adopsyon. Bondye, anvan fondasyon mond lan!

<sup>102</sup> Kounye a, ann prese, ann fin pase nan grenn chapit sa, kanmenm, si sa posib, nan dis minit k ap vini yo.

Pou li nou menm tou *nou te resevwa yon eritaj . . .*  
(Nou erite kisa? Lavi Etènèl.) . . . , *nou se moun Bondye*  
*te chwazi depi davans . . .*

Kouman? Èske tout moun konprann sa? Èske se ou ki te rele Bondye? Non, se Bondye ki te rele w. Gen kèk moun ki di: “O, m te jis ap chache Bondye, e m t ap chache Bondye.”

Ou pat fè sa. Nanpwen moun ki te janm ap chache Bondye. Se Bondye k ap chache lòm. Jezi di: “Pèsonn pa ka vin jwenn Mwen sof si Papa M atire l an premye.” Ou wè, se nati lòm pou l kouri kite Bondye. E ou di kounye a . . .

<sup>103</sup> Sa, se sa ki deranje m, poutan, pou preche ban nou moun yo; pa kontinye rete nan menm kondisyon nou te ye anvan an, chanje kounye a! Tande m antan m ap di li, ENSI DI SEYÈ A. Mwen pa janm rele tèt mwen konsa, mwen pa sa. Men nou rele m pwofèt nou, oswa yon pwofèt. Mond lan kwè sa, atravè lemond, dè milyon e dè milyon e dè milyon moun. Mwen te pale dirèkteman epi endirèkteman ak dis oswa—dis oswa douz milyon moun, oswa plis, pale dirèkteman. Mwen te wè dè dizèn de milye vizyon ak siy ak bèl mèvèy, e pa gen youn nan yo ki te janm echwe. E se vre. Li te predi m bagay ki pa janm echwe pou yo rive jis egzaktman. M t ap prè pou mennen nenpòt moun nan jijman avè m pou sa. Se vre. Mwen pa pretann mwen se yon pwofèt, men tandè m byen.

<sup>104</sup> ENSI DI SEYÈ A, sa pral pran lanmou pafè pou mete w nan plas sa, paske se tout sa ki te gen la. Kèlkeswa lajan an, kantite demonstrasyon relijye yo, kantite bon zèv ou te fè yo oswa kèlkeswa sa w te fè a, sa p ap konte nan jou sa. Sa pral pran lanmou pafè. Alò kèlkeswa sa w fè, mete tout lòt bagay sou kote jiskaske ou jis tèlman ranpli ak lanmou Bondye jouk ou ka renmen sila yo ki rayi w yo.

<sup>105</sup> Mwen senpleman, jan m te di maten an, mwen te kreye, tout sa ki fè m sa m ye a se gras. Anpil moun di: “Bon, grate do m epi m ap grate pa w. Wi, fè yon bagay pou mwen epi m ap fè yon bagay pou ou.” Sa se pa gras. Gras se, si do w ap grate w, m ap grate l kanmenm, kit ou grate pa m oswa non; ou ka souflete m nan figi, epi di “do m bezwen grat- . . . , oswa, bezwen grate,” m ap grate l. Ou wè? Se sa, fè yon bagay. Mwen pa kwè nan zèv. Mwen kwè ke zèv se lanmou. Zèv se—zèv se manifestasyon ke lagras te fèt. Mwen pa viv fidèl ak madanm mwen paske mwen kwè li t ap divòse avè m si mwen pat fè sa, mwen viv fidèl avè l paske mwen renmen l.

<sup>106</sup> M pa preche Levanjil la paske m panse m ta pral nan lanfè si m pat fè sa, mwen preche Levanjil la paske mwen renmen L. Sètènman. Ou panse mwen tap travèse lanmè ajite sa yo, ak avyon sa yo k ap pike desann epi remonte, ak zèklè k ap flache toupatou, ak—ak tout lòt bagay, epi prèske a nenpòt minit . . . epi tout moun ap rele, ak “Mwen salye w Mari” k ap pase nan avyon an, ak tout bagay? Moun sa yo k ap balanse nan senti sekirite yo, epi pilòt la ap di: “Nou gen ase gaz pou kontinye pandan kenz minit ankò, m pa konn ki kote nou ye.” Èske w panse m tap fè sa jis—jis pou plezi pou m fè l? Huh! Èske w panse m ta pral laba a nan jeng lan kote sòlda Alman yo te oblije mete bra yo antoure mwen *konsa* chak swa pou fè m antre epi soti nan reyinyon an, jiskaske Sentespri a kòmanse fè mirak? Kominis plase ak teleskòp pou vize lannwit, pou tire m a yon distans yon kilomèt edmi. Èske w panse m tap fè sa jis pou plezi? Se paske yon bagay nan mwen renmen; yo se imen ke Kris te mouri pou yo. Pòl te di: “M pa sèlman vle monte Jerizalèm, men mwen pral monte la pou yo krisifye m. Mwen pral monte la pou m mouri. Mwen pral monte la pou m mouri pou kòz Seyè a.” Se yon bagay, se lanmou ki kontrennen ou, ki pouse w. Se egzaktèman sa.

<sup>107</sup> Si m tap preche Levanjil la pou lajan, si se ta sa, mwen pa t ap nan dèt aswè a pou ven mil dola, mwen pa t ap sa nan dèt. Non, mesye. Paske m t ap kenbe kèk nan—kèk nan milyon yo te ban mwen yo. Yon sèl nonm, yon sèl nonm te voye ajan FBI ak yon chèk labank pou peye yon milyon senksan mil dola. Epi mwen te di: “Repran l.” Se pa pou lajan! Se pa lajan. Mwen pa preche Levanjil la pou lajan. Se pa pou sa!

<sup>108</sup> Se poutèt lanmou an. Bagay mwen vle fè a, se, lè m travèse dènye souf sa laba a, sa ka nan senk minit apati kounye a, sa ka nan de zèdtan apati kounye a, sa ka nan senkant an apati kounye

a, mwen pa konnen ki lè sa pral ye. Men lè mwen va rive, ke mwen va rive laba a, mwen vle wè nou nan esplandè jenès la, ap kouri, ap rele fò, “Frè byenneme m lan! Frè m lan!” Se sa ki nan kè m. Se poutèt sa. M pa eseye an dezakò avèk nou pou m—pou m diferan, men m ap eseye mete nou sou wout ki kòrèk la. Se fason sa pou antre. Se pa avèk legliz ou a, se pa avèk denominasyon w lan, men pa nesans ou nan Kris. O la la! Fyou!

*Nan li . . . nou te resevwa . . . eritaj, nou se moun Bondye te chwazi depi davans dapre plan li k ap fè tout bagay rive dapre konsèy pwòp volonte li.*

109 Tande. Nou pral fini nan kèk minit. Koute byen kounye a anvan nou fini.

*Se sak fè, nou menm ki premye moun ki t ap tann Kris la, n ap viv yon jan ki sèvi lwanj yo pou pouwva Bondye a.*

*. . . nou te mete konfyans nou nan Kris la,.*

110 Gade sa kounye a, ak anpil atansyon. Mete jakèt nou sou nou, jakèt Levanjil la. Kenbe zòrèy nou louvri, koute byen. Mwen nan vèsè 13 la.

*apre nou te fin tande . . . nou te mete konfyans nou nan Kris la,.*

“Lafwa vini pa . . .” [Kongregasyon di: “Tande.”—Editè a.] “tande . . .” [“Pawòl la.”] [“Pawòl . . .”] [“Bondye.”]

*. . . apre nou te fin tande mesaj laverite a, . . .*

111 Kisa Laverite ye? Pawòl Bondye a. Èske se vre? Jan 17:17, ou menm k ap note Lèzekriti, Jezi te di: “Sanktifye yo, Papa, atravè Laverite. Pawòl Ou se Verite.”

*. . . apre nou te fin tande . . . laverite a, ki vle di bon nouvèl sali a, . . .*

112 Ki sali li t ap eseye pale yo? Predestine anvan fondasyon tè a (Èske se vre?), pou adopsyon pitit gason yo, predestine pou Lavi Etènèl. Kounye a, apre nou fin antre nan Lavi Etènèl, apre nou fin sove, sanktifye, ranpli ak Sentespri a, nou se pitit gason. Kounye a Bondye vle mete nou nan pozisyon, o, konsa nou ka travay pou Wayòm Li ak glwa Li.

113 Sa se Levanjil la. Sa vle di, dabò, tande Pawòl la, “Repanti, epi batize nan Non Jezikri pou padon peche yo.” Pou w debarase de tout peche w yo, envoke Non Seyè Jezikri a, pou Tè pwomès la. Pwomès la se pou chak vwayajè ki sou wout nou. Si w te kite lakay ou aswè a, yon pechè, w ap di: “M ap mache al nan Branham Tabènak,” Bondye ba ou opòtinite a aswè a. Gen yon sèl bagay ki plase ant oumenm ak Tè pwomès la. Kisa Tè pwomès la ye? Sentespri a. Sa ki te plase ant Jozye ak tè pwomès la se te Jouden an. Egzakteman sa.

<sup>114</sup> Moyiz, etan yon tip Kris, te kondwi timoun yo jouk nan tè pwomès la, alò Moyiz pa t mennen timoun yo nan tè pwomès la. Jozye te mennen pèp la epi li te divize peyi a. Jezi te peye pri a, te kondwi yo jouk nan Sentespri a. Bondye te voye Sentespri a desann epi Li mete legliz la nan lòd, nan pozisyon, chak moun, ranpli l ak Prezans Èt Li. Nou wè sa m vle di? Tout nan Kris Jezi, kijan Bondye te predestine sa pou apèl Levanjil sa!

<sup>115</sup> Pòl, Galat 1:8, te di: “Si yon Zanj vini preche nenpòt lòt bagay, se pou l modi.” Verite a, Levanjil la. Kounye a koute byen pandan n ap li, n ap fini vèsè a.

*...bon nouvèl sali a, nan limenm tou... (Koute byen)... apre nou te mete konfyans nou nan Kris la, Bondye te make nou ak letanp li tou, li ban nou Sentespri li te pwòmèt la.*

<sup>116</sup> Nan dènye jou yo, Bib la di, kounye a gade, nan dènye jou yo pral gen de klas moun. Youn ladan yo pral gen So Bondye a, lòt la va gen mak bèt la. Èske se vre? Konbyen moun ki konn sa? Ebyen, si So Bondye a se So... Si So Bondye a se Sentespri a, alò san Sentespri a se mak bèt la. E Bib la di ke de lespri yo t ap si tèlman pwòch ansanm ke li t ap sedwi menm Eli yo si sa te posib. Sa p ap janm fèt, paske yo te eli pou Lavi Etènèl. Ou wè?

<sup>117</sup> Legliz, jis tankou nou konnen gen dis vyè ki te soti al rankontre Seyè a, tout sanktifye, tout sen, chak grenn nan yo sanktifye. Senk te gen reta epi yo kite limyè yo etenn. Senk te gen lwil nan lanp yo. “Epi, men Lepou a vini!” Epi senk ki te gen lwil nan lanp yo te antre nan Soupe Maryaj la. E lòt yo te rete deyò kote ki te gen kriye ak rèl ak manje dan. Se pou nou pare, paske nou pa konnen nan ki minit Seyè a ap vini. Èske... Kisa lwil la reprezante nan Bib la? Sentespri a.

<sup>118</sup> Kounye a pou nou jodi a, nou menm frè Advantis Setyèm jou yo ki te di setyèm jou a se So Bondye a, pwodui yon sèl Ekriti pou pwouve li. Bib la di ke So Bondye a se Sentespri a. Gade sa. “Ki...” Gade vèsè 13 la kounye a.

*...apre sa ou te mete konfyans ou nan Kris la, ... Bondye te make ou ak—ak letanp li tou, li ban nou Sentespri li te pwòmèt la.*

<sup>119</sup> Vire nan Efezyen 4:30, mwen kwè se sa. Gade si nou pa pran 4:30, gade si sa pa menm bagay la. Efezyen, chapit 4 la ak vèsè 30 lan. Wi, men li, 4:30.

*Pa fè Sentespri Bondye a lapenn, paske Lespri a se mak letanp Bondye sou nou, li ban nou garanti Bondye ap fin delivre nou jouk jou a va rive.*

<sup>120</sup> Konbyen tan? Lè w reyèlman, reyèlman resevwa Sentespri a, konbyen tan L ap dire pou ou? Jiska pwochen revèy la, jiskaske grann kwazè chimen w, jouk bòs la rele dèyè w? Jouk jou redanmsyon w lan! Alelouya!

121 Apre ou fin mouri, apre ou fin pase nan Peyi sa, ke w kanpe la ak byenneme w yo, ou toujou ranpli ak Sentespri a. Lekriti! Ou jis jan w ye kounye a, sèlman ou gen yon . . . ou deplase nan yon lòt kò. Ou jis chanje kay. Sila a te vin vyeyi, ou pa t ka kloure bado yo sou li ankò, planch bwa pou soutni tèt kay la te fin pouri. Se vre. Alò ou jis jete vye bagay la epi kite l kontinye pouri, epi deplase al nan yon nouvo. Èske se vre? “Paske si tabènak terès sa detwi, nou gen youn k ap tann.”

122 Nou sonje lòt jou a, nou t ap pale de sa? Lè yon ti bebe ap fòme nan vant manman an, epi ti misk sa yo ap ajite epi sote ak tout sa. Men jis osito ke manman an lage ti bebe a epi ti bebe a sou latè, premye bagay la, gen yon kò espiritiyèl pou atrap ti kò natirèl sa a. Petèt doktè a ba li yon . . . [Frè Branham bat men l yo—Editè a.] *konsa*, oswa yon bagay pou souke l, epi “Wen, wen, wen!” Epi imedyatman drèt nan tete manman sa la li prale, “um, um, um,” ap bouje ti tèt li monte desann sou tete manman an, pou fè venn lèt sa yo pote lèt.

123 Yon ti bèf, osito ke l te lage sot nan manman an, li pral leve sou ti jenou l yo apre kèk minit. Kisa l pral fè? Li pral deplase touswit, pou akwoche sou manman sa, epi kòmanse sekwe ti tèt li monte desann konsa, epi pran lèt li. Alelouya! Wi, mesye.

124 Lè kò natirèl sa a rive, gen yon kò espiritiyèl k ap tann li.

125 E lè yo jete kò natirèl sa a nan tè a, alelouya, gen youn k ap tann laba! Nou jis deplase soti nan youn al nan yon lòt, nou chanje kote nou abite yo. Kò mòtèl sa a dwe abiye ak imòtalite, kò espiritiyèl sa a; kò koripsyon sa dwe abiye ak kò ki pa koripsyon. Vye kò sa ki fin ride a, defòme, koube, men sa p ap chanje aparans li ditou, mwen vle di lè l rive laba, w ap toujou gen menm lespri a.

126 Kite m ba ou yon ti bagay ki gen lè tòde pou ou, men se Bib la, answit m ap ba ou youn k ap detòde l pou ou. Gade sila a. Lè vye Sayil, wa a—a, ansyen an—an, gwo ansyen predikatè denominasyonèl laba a nan epòk sa, ou konnen, ki te gen tèt ak zepòl pi wo pase yo tout, epi yo te pè, yo pa t konn anyen sou Sinatirèl la. David te dwe vini epi delivre ayo a sot nan bouch lyon an, li te touye Golyat. Gade l. Li te sitèlman elwaye de Bondye, li te rive rayi predikatè egzalte sa a. E olye pou l te pou li, pou eseye ede l, li te tounen kont li. Si sa pa jis imaj la egzakteman, egzakteman imaj la! Li te vire do ba li drèt!

127 Konbyen moun ki te isi a lè m te pati nan premye vwayaj mwen an, epi m te preche sou “David ki touye Golyat,” lè m te pati a? Anpil, kèk, kèk nan veteran yo. M pare pou m pati ankò sou sa. Sonje sa, ou wè sa k te fèk vini nan dimanch pase a? L ap avanse drèt nan yon lòt faz. Dezyèm kanpay David la, dezyèm faz ministè li. Se egzakteman sa. Se ke, apre sa li vin wa sou Izrayèl. Remake ministè a kounye a ap avanse nan yon pi gran faz, li vin pi epòtan. Se konsa David te fè. M remake sa pandan l te rive

la a, David, o, lè Bondye te fè David soti la pou touye lyon an, remake, epi li touye lous la, apre sa li touye Filisten an. Bon, gen yon tan ki rive kote Bondye te pèmèt yon move lespri tonbe sou vye ti gason sa a. Epi nan . . . Pou kisa? Pou rayi David. E mwen kwè. . .

<sup>128</sup> Bon, bann sa yo. Kounye a koute, frè yo, nou menm k ap koute bann sa yo, si nou pa dakò avè m, padonnen m. Ou wè, mwen renmen nou. M pral rankontre nou lòtbò a kanmenm, ou wè, paske si w se yon sèvitè Bondye m pral rankontre w kanmenm. Men, mwen vle di sa, men rezon an: Jis paske Sayil te wè ke David te gen yon bagay ke li pa t genyen. Alò kisa k te rive?

<sup>129</sup> Yon vye ti “wouj,” tou frelikè, Bib la di li te “wouj.” Sa pa t yon trè bèl timoun, “wouj” sa vle di li te jis yon jan de vye ti frelikè. Epi li te ale laba a, epi Sayil, enben, li te mete pwotèj defans Sayil la sou li, e mwen imajine plak pwotèj la desann dwat sou pye l. Epi li di: “Retire bagay sa sou mwen. Mwen—mwen te. . .” Petèt li ba li yon diplòm doktè, an filozofi oswa nan etid lalwa, oswa yon bagay, ou konnen. E jan li te di: “M pa konn anyen sou bagay sa, paske m pa abitye avè l. Kite m pran sa, sa m konnen kisa m ap fè avè l.” Wi, mesye. Li te pran fistibal la.

<sup>130</sup> E yo te fè David fache paske pitit fi yo, legliz yo, legliz yo t ap chante: “Sayil, petèt te touye milye pa l yo, men David te touye chè dizèn de milye pa l yo.”

<sup>131</sup> Alò li te vin jalou: “Se vye bagay Non Jezi sa, pa gen anyen ladan L.” Se vre. E kisa Bondye te fè l? Bondye te voye yon move lespri sou li, pou rayi David, e li te rayi David san yon kòz.

<sup>132</sup> David te ka tòde kou l kèk fwa. Li te kapab, men li jis kite sa pase. Li jis pat janm di anyen. Se sèten li te ka fè l. Li te ale epi koupe ke manto l la, yon nwit, li te retounen, li di: “Gade la, ou wè!” Wi, mesye, li te ka fè sa, men li jis kite l trankil. Li te ka kraze kongregasyon l lan epi gaye yo, epi kòmanse yon òganizasyon pou tèt pa l si l te vle. Men li pat fè sa, li jis kite Sayil ale. Kite Bondye fè batay la. Wi, mesye.

<sup>133</sup> Alò pandan l t ap soti epi kanpay la te fini, epi li t ap fè chimen li, move lespri sa te vini tèlman ke Sayil pa t ka jwenn okenn repons nan men Bondye. Apre yon ti tan li. . . Lespri Seyè a te kite l. Epi vye Samyèl, sila ke yo te rejte a, sila ki te reyèlman Vwa Bondye a pou yo, sila ki te di yo anvan yo te menm vle aji tankou mond lan. . .

<sup>134</sup> Kijan fè legliz la vle aji tankou mond lan? Kijan fè Pannkotis, Metodis ki batize, ki gen eksperyans ak Sentespri a, epi Batis, ak Presbiteryen vle aji tankou mond lan? Poukisa yo fè sa? Mwen pa konnen. Mwen—mwen jis pa ka konprann li. Ou di: “Ebyen, se tèlman yon plezi pou jwe pokè, jis yon ti kras pou plezi, jis yon ti pati peni ante,” kèlkeswa jan w rele l la. Se yon peche. Ou pa ta dwe gen bagay sa yo lakay ou. “Ebyen, li pa gen okenn mal pou pran jis yon ti bout vè byè. Nou sèlman pran kèk. Mwenmenm



ak madanm mwen nou pran nan apremidi.” E premye bagay ou konnen, pitit ou yo pran kèk. Sa se sèten.

135 E nou menm fanm yo, hum, dyab la jis fè yon . . . Se sa li te fè nan kòmansman an, e sètènman li fè de nou yon sib, sè yo. Li jis fè sa jis pou . . . paske li konnen kisa l ka fè. Li ka sedwi yon fanm mil fwa pi vit pase yon nonm. Mwen konnen sa blese santiman nou, men sa se Laverite. Se egzakteman sa. Se sa li te fè nan jaden Edenn lan. Li ka fè . . . Bon, manzè te onèt, li te sensè, men li te sedui. “Adan pa t sedui,” Bib la di. Li pat sedui, men manzè te sedui. Kifè li ka sedwi manzè. E poutan pastè yo prale dirèkteman epi òdone fanm predikatè, mete yo alatèt asanble yo konsa, e Bib sa kondane l depi nan Jenèz jouk nan Apokalips. Ou di: “Ebyen, se kòrèk. Se kòrèk. Yo gen . . . Yo ka preche jis menm jan ak lòt yo.” Mwen konnen se vre.

136 Tankou yon moun te kòmanse ap pale an lang yon fwa, m te jis kontinye ap preche, e lè m te soti deyò . . .

Yon madanm te di pitit gason m lan, li di: “M gen yon mesaj pou m bay demen swa,” li di, “lè papa w vini sou lestrad la.”

Li di: “Ebyen, Madam, kisa w vle di?”

137 E jou swa sa a lè sa te pare, lè m t ap pare pou m fè apèl a lotèl la, li te ranje cheve l yo nèt epi li te rale monte ba l yo ak tout bagay, li te pare, li te sote nan mitan ale a epi li kòmanse sote anlè, li t ap pale an lang epi li t ap pwofetize. Mwen te jis kontinye ap preche, fè apèl a lotèl mwen an. Alò m pat janm respekte sa on ti kras, li pat kòrèk. Kifè alò, ebyen, Bib la di pou pa, li di: “Lespri a—a ki nan pwofèt yo soumèt bay pwofèt la.” Bondye sou . . . Bondye ap pale sou lestrad la, kite L pale. Pòl te di: “Si yon bagay revele pou youn, se pou l fè silans jouk pwochen an fini.” Se vre.

138 Bon, alò lè m te soti, moun sa yo te di, yon gwo gwoup moun, te di: “Ou te fè Sentespri a lapenn aswè a.”

Mwen di: “Kòman sa? Kisa m te fè?”

139 Yo te di: “Ebyen, lè sè sa te bay mesaj sa, alelouya,” li te di, “sa.”

“Enben,” mwen di, “Mwen t ap preche. Li pa t nan lòd.”

140 “O,” yo te di, “sa te fre drèt sot nan Twòn lan. Sa te pi fre pase sa w t ap preche a.” En!

141 Kounye a, sa jis montre . . . sa montre swa sa, e mwen di l ak respè pou nou, swa se foli, oswa se yon mank de respè, oswa se ansèyman yon analfabèt ki pa konnen plis sou Bondye pase yon lapen konnen sou rakèt nèj. Bon, sa, mwen pa di sa pou fè yon—yon kòmantè rizib paske isi a se pa yon kote pou bay blag. Men sa se—sa se egzakteman laverite. Yon moun ta dwe konnen ke Bondye pa yon otè konfizyon. Li se lapè. Yo pa konnen Bib la. Tout sa yo te konnen pou fè se kijan pou yo sote anlè, pale an lang, di: “Mwen gen Sentespri a. Alelouya!”

142 M te an Afrik, e m te wè sòsyè ak lòt bagay ki t ap pale, yo te senk mil alafwa; yo t ap sote anlè, avèk san sou tout figi yo, yo t ap pale an lang, epi bwè san nan zo bwa tèt yon imen; yo t ap envoke dyab la, epi pale an lang.

143 E poutan pale an lang se yon don Bondye, men sa se pa prèv enfayib ke w gen Sentespri a. Kite m di w sa kounye a. Mwen kwè ke tout sen ki enspire yo pale an lang. Mwen kwè yon nonm kèk fwa lè w tèlman vin enspire ak Bondye jouk ou va pale an lang. Mwen kwè sa. Men mwen pa kwè ke se okenn siy ou gen Sentespri a. Wi, mesye. Mwen kwè ke gen de fwa lè w gen lafwa, moun lan, ou ka mache drèt epi poze men sou yon timoun piti ki gen yon kansè, alòske senkant predikatè te priye pou li, e li va geri paske manman sa gen lafwa pou timoun sa. Bondye te ba li l, li se yon manm nan Kò Kris la. Wi, mesye. Mwen kwè sa. Mwen te wè sa fèt e mwen konnen ke se vre. Men sa l ye, se mete legliz la nan lòd, mete l nan lòd pou nou ka travay.

144 Kounye a ann fini rèz vèsè sa isi a anvan nou ale.

*. . . apre ou resevwa, . . . Bondye te make ou ak letanp li tou, li ban nou Sentespri li te pwòmèt la.*

145 “So!” Kisa So a ye? Kisa So a ye? Yon so se, premye bagay li montre se yon travay ki fini, yon travay ki fini. Pwochen bagay li montre se pwopriyete. E pwochen bagay li montre se sekirite, ke yo veye sou nou.

146 Ann di, pa egzanp, m te konn travay pou Chemenfè Pennsilvani an, m te konn travay ak papa m sou chemennfè a. Nou te konn chaje vagon yo. E nou te konn mete la a nan konpayi anbalaj sa, nou te konn mete bwat konsèv ladann, e nou te konn mete kèk anlè *isi a* epi kèk anba *isi a*, epi kèk bò kote *sa a*. Men anvan vagon sa te janm sele, enspektè a te dwe pase la a, epi li te pouse isi, li te bay yon ti kou sou *sa a*, li te souke *sila a*. “Aaa! Kondane sa! Yo tout ap kraze an miyèt moso anvan yo rive la. Kondane sa! Retire yo. Refè l ankò.” Enspektè a te kondane vagon an.

147 Sentespri a se Enspektè a. Li sekwe w yon ti kras, epi ou fè yon bri feray. “Èske w kwè tout Pawòl Bondye a?”

“Mwen pa kwè vye bagay Non Jezi sa.”

“Kondane sa. Ou fè yon bri feray.”

“Mwen pa kwè nan gerizon Divin ni nan yon bagay konsa.”

“Yo t ap fè yon bri feray ankò. Mete yo deyò.”

“Èske w kwè Jezikri, se menm lan ayè . . . ?”

“Ebyen, nan yon sèten sans.”

“W ap fè yon bri feray. Choute l deyò, ou wè, li poko pare.”

Wi, mesye.

148 Frè, lè li pare pou di: “Amèn!”

“Èske w resevwa Sentespri a?”

“Amèn!”

“Èske tout bagay te fini?”

“Amèn.” Alò kisa Enspektè a fè? Tout bagay byen chaje epi byen sere, ranpli ak Levanjil la. O, chak Pawòl Bondye a bon. Tout bagay pafè. “Mwen kwè chak Pawòl. Amèn! Amèn! Amèn!”

“Èske w kwè ke Bondye toujou geri?”

“Amèn.”

“Èske w kwè Jezi, se menm lan ayè e pou tout tan?”

“Amèn.”

“Èske w kwè ke Sentespri a jis reyèl menm jan ke Li te toujou ye?”

“Amèn.”

“Èske w kwè menm Lespri ki te tonbe sou Pòl la, tonbe sou nou?”

“Amèn.”

“Èske w kwè Li fè menm bagay yo sou nou, Li te fè sou yo a?”

“Amèn.” O, o, sa kòmanse vin solid la a. Um-hum, sa kòmanse vin solid la a, nou pare pou fèmen pòt la. Dakò.

<sup>149</sup> Apre sa enspektè a fèmen pòt la. Kisa l fè? Li mete yon so sou li. Apre sa li desann la a epi li pran ti pens sa yo nan yon bagay, li lonje men l laba sou ti bagay sa a epi li sele sa. Ou ta fè mye pa brize l. Si sa yo, vagon sa, destinasyon li se Boston, li pa ka brize. Se t ap yon ofans ki merite prizon pou brize so sa anvan l rive Boston. E yon nonm ki gen otorite ka louver so sa, e limenm sèlman. Se sa. Se pwopriyete *tèl tèl* konpayi chemennfè. Se so yo. Se asirans yo ke vagon sa te chaje, ke vagon sa pare. Se pou yo li ye. Yo pa t ka mete so “B&O” sou vagon “Pennsylvani a.” Ou dwe sele, e lè li sele.

<sup>150</sup> E lè Kretyen an chaje ak Levanjil la, ranpli ak bonte Bondye, tout bon bagay Bondye yo repoze nan li, ak yon kè ouvè, li pare pou travay, li dispoze pou plase nan pozisyon li, li fè nenpòt bagay ke Sentespri a di l fè, li pase de lanmò a Lavi, sanktifye de tout bagay mond lan, l ap mache nan Limyè a pandan Limyè a ap vin jwenn li, l ap avanse, li pare. Alò Bondye fèmen pòt mond lan dèyè l, epi choute l ansanm konsa, epi sele l ak Sentespri pwomès la. Alelouya! Konbyen tan? Jiska destinasyon an. Piga w mennen l sou ray tren an epi brize l pou ouvri l pou w wè si tout bagay kòrèk ankò. Li kòrèk, jis kite l tranquil. Enspektè a te fin enspekte l. Pou konbyen tan ou sele? Jouk jou redanmsyon w lan. Sa se kantite tan ou sele a.

<sup>151</sup> “Ebyen, lè w mouri, alò, Frè Branham, e apre w fin mouri, ou te di ou toujou genyen L?” Ou genyen Li pou tout tan. Ki kote Lavi kòmanse? Sou lotèl la. Drèt la ou wè yon ti kras lonbraj. Sa se lonbraj la, So Sentespri a. Apre sa se yon lonbraj de lonbraj de

lonbraj yo, jan m te di lòt jou a. Men lè w mouri, ou kontinye ap pase nan lonbraj sa yo jouk ou rive nan imidite, soti nan imidite rive nan yon ti sous dlo k ap koule, soti nan yon sous dlo al nan yon kouran dlo, soti nan yon kouran dlo al nan yon rivyè, soti nan yon rivyè rive nan yon oseyan lanmou Bondye ou wè. Ou toujou menm moun lan.

<sup>152</sup> Gade isi a. Vye Sayil, ansyen retwograd la, li pat ka antre an kontak ak Bondye, poutan li pat pèdi. Li sètènman pat pèdi. Li te yon pwofèt, men li te jis elwaye de Bondye. Se rezon sa, frè yo, mwen te di: “Nou pa pèdi.” Kifè alò sonje, li te jis elwaye de volonte Bondye, kifè alò premye bagay ou konnen, li—li te an dezakò. Bon, petèt mwen pa ta dwe di sa. Dakò, m ap jis kontinye mete lajwa nan asanble m lan aswè a. Kifè alò, ou konnen, e premye bagay ou konnen, o la la, apre sa. . . Li te ale konsilte Ourim Toumim lan—lan.

<sup>153</sup> Nou konnen kisa Ourim ak Toumim lan te ye, se te pektoral la, efòd rad relijye ke—ke Arawon te mete a. E li te toujou, Bondye te toujou yon Bondye sinatirèl k ap reponn nan fason sinatirèl. E lè yon pwofèt te pwofetize, epi limyè mistik sa yo pat travèse Ourim Toumim sa, li te fo. Lè yon revè te rakonte yon revè e li pa t flache sou Ourim Toumim sa, m pa bezwen konnen kijan sa parèt bèl, li te fo. Se vre.

<sup>154</sup> E m pa bezwen konnen jis egzaktaman konbyen diplòm doktè ou genyen e ki jan òganizasyon w lan gwo, lè w pwofetize oswa preche, si se pa dapre Pawòl sa, ou antò, frè. Ou se. . . Sa se Ourim Toumim Bondye a. Lè w di ou pat predestine anvan fondasyon mond lan, li p ap flache, paske Bib la di ou te predestine. Lè w di ke ou dwe batize nan non “Papa, Pitit, Sentespri,” li pa flache, paske pèsonn nan Bib la pat janm batize fason sa. Sèlman nan Non Seyè Jezi a. Li p ap flache, kifè gen yon bagay ki mal yon kote.

<sup>155</sup> Kifè Ourim Toumim lan pa t vle reponn vye Sayil, e li pa t ka menm fè yon revè. Li te ale tèlman lwen jouk li pa t ka menm fè yon revè. Kifè ou konn sa l te fè? Li te desann al jwenn sòsyè a, e vye sòsyè sa a, vye doktè dyab la laba a, doktè sòsyè a. Epi li di: “Èske w ka fè divinò?”

<sup>156</sup> Li di: “Wi, men Sayil te di li t ap touye tout moun k ap fè divinò.”

<sup>157</sup> Li di: “M ap pwoteje w,” li te abiye tankou yon sòlda a pye. Li di: “Fè divinò pou mwen epi fè monte pou mwen sot nan mond mò yo ki pase bò lòt kote a.” Kounye a koute sa. “Fè monte pou mwen lespri Samyèl pwofèt la.”

<sup>158</sup> Epi li te pran pou—pou fè divinò. E, lè l te fè sa, li te tonbe sou fas li, li di: “Mwen wè dè dye k ap monte.” Ou wè, li te yon payèn, “dè dye,” de ou twa ladan yo, tankou Papa, Pitit, Sentespri, oswa yon bagay konsa, ou konnen. Li di—li di: “Mwen wè dè dye k ap monte.”

159 Li di: “Dekri l. Kijan l sanble? A kisa l sanble?”

160 Li di: “Li mèg e li gen yon manto sou zepòl li.” Li pa t chanje on tikras.

161 Li di: “Se Samyèl. Mennen l nan chanm sa, mennen l isi a devan m.”

162 Epi gade lè Samyèl vin devan Sayil, li di: “Poukisa w te rele m, alòske ou wè ou vin yon lènmi pou Bondye?” Epi gade. Non sèlman li te toujou Samyèl, li te toujou genyen lespri pwofesi a. Oze di se fo, kite nenpòt moun oze di se fo. Se Laverite! Li te toujou yon pwofèt. Paske li te di, li te pwofetize epi li te di: “Batay la pral tounen mal pou ou demen, epi ou menm ak pitit gason w yo va tonbe nan batay la demen, e nan lè sa a demen swa ou va avè m.” Èske se vre? Li te toujou yon pwofèt!

Bon ou di: “O, men se te yon sòsyè ki te fè sa.”

163 Dakò, m ap di nou Youn ki pat yon sòsyè. Jezi te pran Pyè, Jak, ak Jan, epi L te monte sou Mòn Transfigirasyon an yon fwa, epi L te kanpe sou tèt mòn lan. Epi, Jezi, Bondye t ap plase Pitit Li a; tankou m ap eseye sa . . . m t ap pale lòt jou swa a, plase yon pitit gason. Epi lè yo te fè sa, yo te gade ozalantou e yo te jwenn ke Moyiz ak Eli te kanpe la. Yo t ap pale, yo t ap konvèse. Se pat ti drapo blan k ap flote anlè, oswa ti nyaj blan, pito, k ap flote anlè. Men yo te dèzòm, k ap pale. Moyiz te antere nan yon tonm ki pa t make pandan uisan zan. Epi Eli te ale Lakay nan yon charyo, depi senksanzan. E men yo toulède te la a, jis toujou vivan otan ke yo te toujou vivan, yo te kanpe la ap pale avè L anvan L te ale sou Kalvè. Alelouya! “Sele jouk jou redanmsyon nou an!”

164 M ap fè vit, epi apre sa n ap fini paske li ta, epi n ap priye pou malad yo, apeprè senk minit ankò. Vèsè 14 la, li, kite m reli 13 la, pou n ka jwenn kontèks la.

*Nan li ou . . . te mete konfyans ou, apre nou te fin tande mesaj laverite a, ki vle di bon nouvèl sali nou an, . . .*

165 Kounye a sonje, ki sali yo genyen? Sa yo se te—sa yo se te Kreyten Efezyen. Yo, kounye a gade, èske nou te remake Korentyen yo? Li te toujou oblije di yo: “Lè m vini nan mitan nou, youn gen yon lang, youn gen yon lang, youn gen yon sòm, youn gen yon pwofesi, youn gen . . .” Ou wè, li pa t ka anseye yo anyen, paske yo te toujou anvi *sesi, sela* oswa *se lòt bò*. Moun sa yo te gen menm bagay la, men yo te genyen l nan lòd. Li pa t janm anseye Korentyen yo anyen konsa, li pa t kapab, legliz la pat nan lòd pou anseye l. Bon, li te ka anseye moun sa yo vrè bagay la.

*. . . ki, delivre nou an, nou te mete konfyans nou nan Kris la, . . . Bondye te make ou ak letanp li tou, li ban nou Sentespri li te pwòmèt la.*

*Sentespri sa a, se yon avalwa . . . (O, kite m pa pase sou sa.) . . . yon avalwa sou eritaj nou jouk . . . redanmsyon sila yo Bondye te pran posesyon, pou lwanj glwa li.*

Ouf!

<sup>166</sup> Kisa Sentespri a ye? Kounye a, lò m ap li rè s la vrèman vit si w ap sipòte m otan konsa. Ki kote nou te ye lòt jou swa a, Frè Mike? Kote yo tout te kontan, o, tout bagay te lapè, se te lanmou pafè. Kounye a, chak fwa ou vini nan direksyon sa ou pèdi yon ti kras, ou pèdi. Chak fwa ou fè yon pa, ou vin retresi kèk pous. Lè l desann sou tè a, ou gen yon lonbraj de lonbraj de lonbraj de lonbraj yo. Bon, sa se kantite Sentespri ou genyen nan ou. Sa se lanmou. Men, o, ou swaf yon bagay.

<sup>167</sup> O, èske moun yo tankou vyeya yo, vye granmoun yo . . . Ala m ta renmen retounen vin gen kenz ankò, ven! O, m t ap bay nenpòt bagay. Kisa sa t ap fè pou mwen? Mwen ta ka gen kenz an epi mouri poutan aswè a. Sa pa sèten. E si w te gen kenz an aswè a, kijan w konnen si manman t ap viv, lè w te rive lakay ou, oswa non? Kijan w konnen ou pral rive lakay ou? Kijan w fè konnen ou pral viv demen menm si w gen douzan, ak yon sante pafè? Ou ka mouri nan yon aksidan, tonbe mouri, nenpòt bagay te ka rive w. Se pa sèten, ou wè. Pa gen anyen ki sèten isi a. Men ou anvi sa. Kisa sa ye? Se Sa ki anwo La a ki fè w anvi li.

<sup>168</sup> Bon, ou antre nan Sa, lò ou gen Lavi Etènèl. Bon kisa k rive? Sa se “avalwa a.”

<sup>169</sup> Kisa lajan avalwa yo bay sou nenpòt bagay la ye? Si m vin jwenn ou pou achte yon machin, mwen di: “Konbyen machin sa ye?”

<sup>170</sup> Ou di: “Machin sa, Frè Branham, koute w twa mil dola.”

“Kisa depo a ye?”

“Ebyen, m ap kite w genyen l pou senksan dola.”

<sup>171</sup> “Dakò, men senksan dola yo. Mwen pral—mwen pral pote rè s la ba ou yon lè, osito ke mwen kapab. Gade machin lan.” Mwen ba ou senksan dola, sa se avalwa a. Èske se vre?

<sup>172</sup> Kounye a, kenbe sa, se “avalwa a,” se “depo a.”

. . .apre *Bondye te make* ou *ak letanp li*, pa . . .  
*Sentespri li te pwòmèt la. . . Sentespri li te pwòmèt la. . .*  
apre *Bondye te make* ou *ak letanp li. . .*

*Sentespri sa a, se. . .*

Kisa? Kisa ki So pwomès la, pwomès Sentespri a?

*yon avalwa sou eritaj nou jouk. . . redanmsyon sila yo*  
*Bondye te pran posesyon, . . .*

<sup>173</sup> Kisa sa ye? Se depo a. Epi, frè, o, o, o, o, predikatè yo! Si sa se depo a, kisa l pral ye lè nou tout rive laba a! Kisa sa pral ye? Si sa se . . . Si se sa n ap jwi kounye a, epi ki rann nou vin sitelman kontan jouk . . . Mwen wè dèzòm katrevendizan jis arive . . .

<sup>174</sup> Mwen te wè yon vye predikatè ki te leve yon jou swa. Li te rive, li di . . . *Konsa*, li t ap vini sou lestrad la. Epi m di: “Granmoun sa la a pral preche?”

175 Li di: “Ebyen, se pou Seyè a beni.” Yon vye kanmarad nwa, ak gwo gwo vye palto predikatè long li sou li.

176 Mwen di: “Poukisa yo pat kite kèk nan jèn predikatè sa yo preche? Granmoun sa a, ki jan li ka janm preche?”

177 Li di: “Ebyen,” li di, “frè yo,” li di, “jodi a mwen t ap tandè frè yo preche tout jounen an,” li te di, “sou sa Jezi te fè sou tè a. Mwen pral di kisa Li te fè nan Syèl la.” Li di: “M ap pran sijè mwen an aswè a nan Jòb 7:27,” li di, “lè l te byen lwen laba a anvan fondasyon mond lan,” li di, “lè Li te di zetwal maten yo te chante ansanm epi pitit Bondye yo t ap rele ak lajwa.” Li te kòmanse konsa. Li di: “Ou konnen sa, gen yon bagay ki te pase laba a.” Li di: “Nou konnen . . .” Epi li kòmanse dekri sa ki te pase nan Syèl la. Li te dekri l antan li desann lakansyèl orizontal la jouk nan dezyèm Vini an. Apeprè nan moman sa, Sentespri a te frape l. Bon, yo te dwe kondwi vye kanmarad la vini sou lestrad la, li te gen anvivon katrevenkenzan. Li te jis *konsa*, tou koube, ak jis yon ti ron cheve, ou konnen, *konsa*. Li te rive la a epi li te kòmanse ap preche, li di: “Woupi! Alelouya! Glwa!” Li te pran sote anlè konsa. Li di: “O, nou pa gen ase plas isi a pou m preche.” Epi li te pran kouri, desann sou planche a konsa, ak tout fòs li. E sa se jis avalwa a. O!

178 Kisa Sentespri a fè? O, men yon bon pasaj, kite m li vèsè 1 an nan pwochen chapit la. Èske m kapab? Èske se kòrèk? Di: “Amèn.” [Kongregasyon an di: “Amèn!”—Editè a.] Dakò, vèsè 1 an nan chapit 2 a, byen vit. Koute:

*Ou menm, ki te . . . ou . . . Nou menm moun Efèz yo te vivifye, nou te youn . . . te mouri poutèt mechanste ak peche nou yo.*

179 “Noumenm ke Li te vivifye.” Kisa *vivifye* vle di? “Rann vivan.” Nou te jis prèske mouri, men Li te vivifye nou jis ak lajan avalwa a. Kisa sa pral ye lè ou—lè ou reyèlman jwenn tout dividann yo? O! Se pa etonan ke Pòl, ki te anlve nan twazyèm syèl la, di: “Je pa wè; zòrèy pa tandè; nitou li pa t monte, monte nan kè lòm, sa ke Bondye gen pou sa yo (an rezèv) ki renmen Li.” Kisa sa pral ye! W ap pale de lajwa ki pa ka eksprime e ki plen ak laglwa! Ouf! Uhm! Nou menm ki te mouri yon fwa nan peche ak mechanste Li te vivifye nou ansanm pa lonbraj lonbraj lonbraj yo. Kisa sa pral ye lè w va pase de lonbraj lonbraj yo nan lonbraj la, de lonbraj la apre sa nan ti kouran dlo a, de ti kouran dlo a nan rivyè a, de rivyè a nan oseyan an?

180 E kisa sa pral ye lè w byen lwen la a nan redanmsyon an, avèk yon kò tou nèf, ou tounen vin nan yon jèn gason nèt ankò, oswa yon jenn fanm, ou p ap janm mouri ankò? Epi ou gade anba sou latè, epi w panse: “M te ka pran plezi nan kèk rezen ak kèk bon dlo fre, men, ou konnen, mwen pa bezwen l isi a. Men yon jou Jezi ap vini, e kò anjèlik sa a, teyofani sa ke m ap viv ladann lan . . .” Li p ap vini nan vant yon fanm ankò, li p ap vini nan dezi seksyèl

ankò; men paske Li te fèt san dezi seksyèl, mwen pral resisite san sa, e Li va pale yon jou e mò yo nan Kris va resisite, e kò sa ke m te viv ladann yon fwa pral resisite nan yon kò glorifye, e m ap mache epi m ap pale, e m ap viv epi m ap rejwi (alelouya), m ap viv atravè laj Etènèl ki gen pou vini yo, atravè Jezikri Seyè nou an. Ouf! Men ni, frè, sa se Levanjil la!

<sup>181</sup> “Se poutèt sa mwen menm tou,” Pòl jis ap di yo kounye a kisa l ye. M ap li rès bagay sa epi apre sa n ap priye pou malad yo. “Jiska posesyon an, sa se avalwa a jiska posesyon an, pou lwanj glwa Li.”

*Se poutèt tout bagay sa yo, depi mwen tande jan nou gen konfyans (mwen te tande ke nou te kwè bagay sa a, mwen te tande ke nou reyèlman kwè nan predestinasyon, Lavi Etènèl, ak sali, e latriye) nan Seyè Jezi a, jan nou renmen tout moun ki fè pati pèp Bondye a,*

*mwen pa janm sispann di Bondye mèsi ban nou. Mwen toujou chonje nou lè m ap lapriye.*

*Bondye Jezikri, Seyè nou an, fè nou konnen an, se yon papa ki gen anpil pouvwa. Mwen mande l pou li ban nou Sentespri l ki bay bon konprann ki moutre nou sa Bondye ap devwale nou an . . . nou ka rive konnen l byen. Se pou Li jis kontinye ap revele Tèt Li ban nou tout tan, se pou nou kontinye ap grandi de gras an gras, de pwisans an pwisans, de glwa an glwa. Pa fè bak; epi, men de glwa an glwa, kontinye avanse. M ap kontinye priye pou nou.*

*Mwen mande l pou l louvri—louvri lespri nou, . . .*

<sup>182</sup> Hum! Ou konnen, nan Bib la li di ou te avèg epi w pa t konnen sa. Men isi a Pòl di: “M pral priye pou ke lespri nou . . .” Ou konprann avèk kè w. Se de sa l ap pale. Ou gade avèk je w, men ou wè avèk kè w. Nou konn sa. Dakò. “Pou ke Bondye Laglwa a . . .” Ann wè, vèsè 18 la—la.

*Mwen mande l pou l louvri lespri nou, pou nou ka konnen kisa n ap tann nan men . . . ki rele nou an, ki vle di eritaj Bondye pwòmèt l ap bay moun ki pou li yo, yon eritaj ki rich anpil, . . . bèl anpil.*

*Mwen mande l pou nou ka konnen tou ki jan pouvwa li k ap travay nan nou menm . . . (ouf! Yo di ke pwisans lan disparèt? Pwisans lan poko menm rive) . . . ki kwè nan li a, se yon gwo pouvwa ki san limit. Se menm gwo pouvwa sa a Bondye te fè moun wè, (Noumenm ki te kwè nan travay gwo pouvwa Li a, mwen jis priye ke Bondye va jis devèse pwisans Li sou nou. Ou wè?)*

*lè li te fè Kris la leve soti vivan nan—nan mitan mò yo, li fè l chita sou bò dwat li nan syèl . . .*



*Li mete Kris la anwo...chèf yo,...otorite yo,...  
pouvwa,...dominasyon, ke Kris la pi wo pase tout gwo  
non yo kapab bay moun...*

183 O, o, o! Bli... Non, mwen pito pa fè l. Se sèten nou te ka pran rèsswair a sou sa.

*...tout gwo non yo kapab bay moun non sèlman  
koulye a sou latè, men sa ki nan mond ki gen pou vini  
an tou.*

184 Kisa tout ye—kisa tout non ye? Tout non tout moun pral pote Non kisa? [Kongregasyon di: “Jezi.”—Editè a.] Tout Syèl la rele Jezi. Tout Legliz la rele Jezi. Tout bagay rele Jezi, paske Se sèl Non ke Bondye te janm genyen. Yo rele L Jewova: Jewova-jire, Sakrifis Seyè a bay; Jewova-rafa, Seyè ki geri w la; Jewova, banyè Seyè a, Manase; epi Jewova, diferan Jewova. Yo rele L Zetwal Maten an. Yo rele L Papa, yo rele L Pitit, yo rele L Sentespri. Yo rele L Alfa a, yo rele L Omega a. Yo rele L Kòmansman an, yo rele L Fen an. Yo rele L Jèm lan. O, yo rele L... Yo jis rele L tout kalite tit, men Li te gen yon sèl Non.

185 Se de sa Matye t ap pale a, lè Li te di: “Se poutèt sa, ale anseye tout nasyon yo, batize yo nan Non an,” pa nan non yo, “nan Non Papa a, Pitit, ak Sentespri.” Papa se pa yon non, Pitit se pa yon non, Sentespri se pa yon non. Se yon tit pou yon Non. Se yon Non twa atribi ki pou yon sèl Bondye. Kisa Non Li te ye? Zanj lan te di: “Ou va rele Non Li...” [Kongregasyon di: “Jezi.”—Editè a.] “paske Li va sove pèp Li a anba peche l yo.” Se pou rezon sa yo tout te batize fason sa nan Bib la. Se konsa Sen Augustine te batize Wa Angletè a, apeprè—apeprè sansenkant, desan zan apre lanmò Kris la, nan Non Jezikri. Dakò.

*Li mete Kris la anwo...chèf,...otorite,...  
pouvwa,...dominasyon. Ke—ke tout gwo non yo  
kapab bay moun non sèlman koulye a sou latè, men nan  
tan ki gen pou vini an tou.*

*Bondye te mete tout bagay anba pye Kris la, li te mete  
l pou l sèl chèf legliz la.*

*Legliz la se kò Kris la,...*

186 Kounye a, si kò m gen pouvwa sou tout bagay, alò sa kò m ye a se sa m ye. Èske se vre? Se sa mwen ye, se konsa nou konnen m. Èske se vre? Ebyen, alò, tout sa Bondye te ye, Li te vide l nan Jezi, paske Li te plenitid Divinite a kòporèlman. Èske se vre? E tout sa Jezi te ye, Li te vide l nan Legliz la: “Bagay sa yo ke mwen fè yo, nou va fè tout bagay tou. Nou va fè menm pi gran pase sa, paske Mwen pral jwenn Papa a.”

*Legliz la se kò Kris la, li konplete Kris la. Kris la  
menm, avèk pouvwa li, li ranpli tout bagay ki toupatou.*

187 O, ala mwen renmen sa! Ala mwen renmen sa! Mwen t ap li lòt jou a yon liv ki te ekri sou yon vwayaj mwen te al fè ministè—

ministè m an Afrik. M patko janm li l anvan. Konbyen moun ki te janm li liv la, *Yon Pwofèt Vizite Lafrik?* Ladan l mwen t ap gade yon ti gason Endyen. Konbyen moun ki te wè foto sa?

<sup>188</sup> Mwen te tande yon sèten evanjelis, ki t ap priye pou malad yo depi apeprè kenz an oswa plis, li di: “Mwen pa t janm wè yon mirak ki fèt nan vi m.” Li di: “Mwen te wè moun ki di yo te gen tèt fè mal, yo te geri. Mwen te wè moun di yo te gen vant fè mal, yo te geri, e latrye. Men yon mirak, yon bagay ki te kreye epi te fè yon bagay. . . .”

<sup>189</sup> Mwen te panse ke ti gason sa ta dwe kanpe la epi wè sa. Janm ti gason Endyen sa a te jis apeprè gwo *konsa* toutotou, youn nan yo. Lòt la se te yon janm nòm al tankou janm yon èt imen. Epi, si w remake, aparèy òtopedik li, te gen soulye l apeprè katòz pous oswa kenz pous wotè, konsa. Li te gen yon plak fè anba l. Soulye li poze sou tèt de tij long ki te kanpe. Li te mache al jouk kote m te kanpe a, yo te mennen l anwo la. Li te gen de beki. Li te pran gwo soulye an fè sa a epi li te kraze l konsa. Mwen te gade janm li, li te apeprè gwo *konsa* toutotou.

<sup>190</sup> Bon, moun sa yo se Maometan, Maometan. Èske nou te sonje dimanch pase lè m te li pou nou sa jounal yo te dwe ekri? Mwen genyen li drèt isi a mwen menm, ki sot an Afrik, ke misyonè nou ki retounen an, Frè Stricker, te voye ban mwen. Men atik la ki jan Billy Graham te fè bak sou sa. Egzakteman. Yo kite Maometan yo pouse yo drèt nan lanmè a. Kisa k pwoblèm lan? Misyonè yo ap kite chan an. Ki itilite pou rete pi lontan? Yo jis gen afè ak moun ki pi fò ke yo.

<sup>191</sup> Mwen renmen Billy Graham, e mwen panse li se yon òm de Dye mèveye. Men kisa Billy Graham te dwe chaje l fè, di l: “Tann yon minit. . . .” si kèk nan Batis fòmalis sa yo te kite l fè sa, mwen kwè li t ap fè l. Mwen kwè Billy Graham se yon òm de Dye. Men si l te di: “Tann yon minit! Mwen se yon minis Levanjil la. Nou kwè nan Ansyen Testaman an, e nou te di ke Jezi pa t anyen ke yon nonm. Mwen ba nou defi pou yon deba.” Mwen pa kwè nan pran defi dyab la, non mesye, men mwen t ap tounen ba l defi, epi di: “Annou noumenm avè m vin ansanm. Mwen se yon Doktè nan Divinite,” Billy Graham se yon Doktè nan Divinite, “kite m ba nou defi sou sa, e kite m pwouve nou ke Jezi se Kris la. Bon, nan sa k konsène gerizon Divin, mwen pa posede don sa yo, men nou gen kèk frè ki posede yo. Kounye a, si nou vle mennen moun sa yo laba a, kite m jis rele youn nan yo, Oral Roberts oswa yon moun, yon moun ki gen yon gran ministè ki ta reyèlman efikas.” Vin lòt bò a la, epi apre sa nou ta wè kisa k pase, li t ap di: “Krisyanis se pa sa nou panse li ye a.”

<sup>192</sup> Kounye a tout moun santi yo dese vwa yo paske li te jis pati epi kite l. Natirèlman, kounye a, mwen pa kwè nan dyab la k ap ba ou yon defi. Mwen te krache nan figi l tou konsa, epi m te mache kite li. Se vre. Men lè li rive yon plas kote. . . Billy te ka—

te ka fè Maometan sa santi l tankou yon ti zèb *konsa*. Li te ka pran Bib sa epi pran Ezayi 9:6, epi di: “De ki moun li t ap pale, ‘Pou nou yon Timoun fèt, pou nou yon Pitit gason bay’? Ki moun Nonm sa te ye? De ki moun Sa li t ap pale a? Ki moun Pwofèt sa te ye? Ki moun ki Mesi sa ki te gen pou L vini an? Montre m ki kote Li te manifeste Tèt Li nan Maomè. ‘Li te blese pou transgresyon nou yo, brize pou inikite nou yo, chatiman pou lapè nou an tonbe sou Li, ak blezi Li yo nou te geri.’ Montre m sa nan Maomè. Kilè Li te kriye: ‘Bondye Mwen, Bondye Mwen, poukisa Ou abandone Mwen? Yo te pèse men M ak pye M,’ e latriye? Montre m ak pwòp pawòl ou, pwòp testaman w.” Enben, li t ap bat Maometan sa tèlman mal jouk li pa t ap konnen kote l te ye. Se vre.

<sup>193</sup> Men lè jounal la te oblije vire tounen, se sa ki fè mal la, sa ki te fè kè m sote. Lè sa te di la a: “Menm si Billy te oblije fè bak epi fè yon bak, kijan Maometan yo ka di ke se te fo,” li di, “lè Reveran William Branham nan Durban, Afrik di Sid, mirak apre mirak ki te pwodui san diskite, pa pouvwa Diven, lè di mil Maometan te tonbe sou fas yo pandan yon moman e yo te soumèt lavi yo bay Jezikri.” Absoliman. Yo konn sa. Fondamantalès sa yo konnen sa. Piga nou di m lekotrè.

<sup>194</sup> Yon fwa te gen youn ki te vin jwenn Jezi, li di: “Rabi!” Nou konnen li te yon Farizyen. Li di: “Nou konnen Ou se yon Anseyan ki soti nan Bondye. Nou konn sa. Nou konnen sa, paske okenn nonm pa t ka fè bagay Ou fè yo eksepte si Bondye avèk li. Nou konprann. Nou konn sa. Men nou jis pa ka konfese sa, ou wè, paske si nou fè sa, ebyen, yo pral mete nou deyò nan legliz nou. Ou wè, n ap pèdi prestij nou.” Epi kifè Jezi te di, kòmanse di l li dwe ne de nouvo.

<sup>195</sup> Konsènan ti gason Maometan sa, lè l te kanpe la, men foto l la. Kamera a p ap pran yon manti. Men li kanpe la, yon janm ki pi kout konsa (apeprè katòz pous) pase lòt la, kanpe sou soulye fè sa. Mwen te di l, mwen di: “Ou pale angle?”

<sup>196</sup> “Non, mesye.” Li pa t ka pale angle. Entèprèt la di: “Li pa pale angle.”

“Konbyen tan ou te konsa?” Entèprèt la te mande l.

“Depi nesans mwen.”

“Ou pa ka bouje janm lan ditou?”

“Non, mesye.”

“Èske w kwè nan Jezikri?”

Li di: “M se yon Maometan.”

Mwen di: “Èske w ap aksepte Jezikri si Li geri w?”

<sup>197</sup> “M ap aksepte Jezikri kòm Sovè m si Li geri m.”

<sup>198</sup> “Si Li geri sa, ke janm sa vin tankou lòt la, w ap aksepte Li?”

“M ap aksepte L.”

199 “Ebyen, Bondye, kisa W pral fè?” Sa se pwochen bagay la; tout kesyon yo reponn. Frè Mike, se tout yon sansasyon. Mwen tann jis yon minit pou m wè kisa L ta pral di. M te gade la e m te wè ti gason an ki ta prale, ap mache la a, tankou sou kote miray yo konsa. Mwen di: “Konbyen nan nou Maometan ki pral aksepte sa? Men yon ti gason Maometan, gade l, kanpe l la.” Mwen di: “Nou menm doktè, nou vle gade l? Men l kanpe la.” O, ou konn kote w ye lè sa. Ou wè, ou konnen ki kote w kanpe. Pèsonn. . . Men l te la a.

200 Mwen di: “Mache nan direksyon sa, pitit gason m.” Epi yo pran l, men li vini. (“Ta-lonm, ta-lonm.”) Mwen di: “Sanble apeprè douz, katòz pous pi kout. Apeprè konsa.”

“Wi.”

201 Mwen di: “Men Jezikri Pitit Bondye a ka geri l. Èske nou menm Maometan n ap kwè sa epi n ap aksepte Li kòm Sovè pèsonèl?”

202 Gen dè milye nan men nwa sa yo ki te leve konsa. “Ebyen, Seyè, kounye a se tan an.” Mwen di: “Papa ki nan Syèl la, si Ou te janm reponn, reponn mwen kounye a, sa se pou Glwa Ou, sa se pou Ou. Mwen priye pou Ou fè ti gason sa geri.” Mwen te jis priye sou li konsa.

203 Mwen di: “Retire soulye w.” Li te gade m vrèman dwòl, entèprèt la. Mwen di: “Retire soulye w.” Li te delase l. Paske m te fin wè vizyon sa, kisa ki ta pral rive. Li te retire bagay sa a. Lè l te re pran li epi l te mache vin jwenn mwen, toulède janm li yo te jis nòmal nèt, li mache tankou l te gen de janb tounèf. Mwen di: “Ou vle mache ale tounen?”

204 Li te kòmanse ap kriye konsa, a prale epi tounen, li pa t konn kisa pou l fè. Li t ap mache konsa, li di: “O Allah! Allah!”

Mwen di: “Jezi! Jezi!”

O, o, o! “O Yesu! Yesu,” lè sa a. “Yesu! Yesu,” konsa.

Mwen di: “Èske gen nenpòt kesyon, nenpòt kesyon?”

205 Julius Stadsklev, konbyen moun ki konnen l? Frè Stadsklev te vin isi a nan legliz la; li te fèk—fèk ale an Almay. Li di: “Jis yon minit, Frè Branham, jis yon minit.” Pou mennen yon fotograf byen vit. “Èske m ka pran foto l?”

Mwen di: “Degaje w.”

206 “Mache jouk *isi a*, kanpe la a avèk soulye w *la*.” Li te kanpe konsa, li te pran foto ti gason an la, ak toude janm yo jis nòmal epi dwat jan yo te kapab. Men vye soulye l ak aparèy òtopedik li a te kanpe la a, *konsa, konsa*.

207 Mwen di: “Konbyen nan nou Maometan kounye a ki rejte Maomè kòm pwofèt, epi kwè Jezi se Pitit Bondye a, epi aksepte Li kòm Sovè pèsonèl nou?” Di mil men te leve anlè a. Alelouya! Yo pa vle yon. . .

208 Yo eseye kenbe l an silans, paske nou se “egzalte,” jan yo rele nou an, ou wè. Jis menm jan an, Bondye ap bouje. L ap plase Legliz Li a. L ap fè enfiniman, an abondans anlè pase tout sa nou te ka menm fè oswa panse. Li jis Bondye otan aswè a menm jan Li te janm ye.

209 Alò, ti zanmi, kite m di nou yon bagay kounye a menm. Moun presye cheri m yo, nou menm isi a nan peyi sa, ak lòt yo nan peyi kote y ap koute bann yo k ap lòt bò dlo epi kèlkeswa kote n ye a, piga nou pè. Tout bagay anfòm. Papa Bondye, anvan fondasyon mond lan, te konnen tout bagay ki ta pral rive. Tout bagay ap mache kòm sa te espere. Nou Renmen Li? Kenbe kè nou dwat.

210 Epi, sonje, lè souf sa pase sot nan vi sa, pou nou menm granmoun yo oswa pou nou menm jèn moun yo, ak nou menm manman yo, lè nou wè ti bebe nou yo, ti bebe fi sa ki te mouri lè li pa t gen uit jou oswa senk jou, l ap yon bèl jenn fanm lè w va wè l. Vye Granpapa sa te si tèlman koube, li te gen lapenn pou wè ki kote l ta prale; lè w va wè l, grann, li va yon jenn gason byen bèl, jis jèn tankou apeprè ventan, jis nan esplandè jenès la. E l ap rete konsa pou tout tan. Ou ka manyen men li, ou ka bay lanmen avè l. W ap voye bra w toutotou li, men li p ap “mari,” l ap “frè.” O la la! Li pral tèlman pi gran pase “mari.” Ou panse ou te renmen l? Se sèten ou te renmen l. Men sa se te *fileo*; tann jouk ou jwenn *agapao* a. Rete tann jiskaske vrè lanmou Diven sa enstale, epi gade sa l ye. Sa isi a jis tankou yon vye pil fatra k ap boule nan lafimen, li pa bon, pa gen anyen ladan l. Sèl bagay mwen konseye nou fè kounye a, se sa, zanmi mwen—mwen—mwen yo . . .

211 Yon ti kras pita mwen pral . . . Èske nou ta renmen m pran de lòt chapit sa yo yon fwa? Seyè a . . . Mwen—mwen dwe repoze m jis yon ti kras anvan Chautauqua. Bon, m pa ka preche bagay sa yo nan reyinyon sa yo laba a. Gen twòp en- . . . twòp kwayans diferan. Ou wè? Sa se jis legliz sèlman. Ou wè? Mwen pa ka . . . Mwen gen dwa preche isit la kèlkeswa sa m vle. Sa se tabènak mwen, ou wè, se avèk nou m ap pale. Bon, mwen kwè ke moun sa yo sove. Wi, mesye, mwen kwè sa vrèman. Men, o, konbyen se tèlman mye pou mache lè w konnen kote w ap mache. Konbyen se tèlman mye, pou konnen, jis pou konnen sa w ap fè, ou wè, olye pou ap titibe, ap bite. Annou jis kanpe nan Limyè a, epi mache nan Limyè a epi konnen nan ki direksyon n ap dirije n. Se vre. Se pou Seyè a avèk nou.

212 E si nou chak ki isit la kounye a pa t plase nan pozisyon l! Ou te ka pa anyen ke yon fanm anndan kay. Ebyen, ou di: “Frè Branham, m pa t janm fè anyen nan vi m. Mwen pa yon predikatè.” Ebyen, petèt Bondye te mennen w isi a pou leve yon fanmi ak timoun, nan fanmi timoun sa yo yon lòt fanmi ak timoun ka soti e ki pral gen yon predikatè k ap voye yon milyon nanm bay Kris. Ou te dwe la. Ou isi a pou yon objektif. Èske w te konnen sa?

213 Ebyen, ou va di: “Tout sa m te janm fè, se te, pase machin pou kiltive vye moso tè sa yo. E m te konn pati, bonè nan aswè, m pa t konn kijan pou m fè pitit mwen yo viv. Mwen te konn gade pòv ti bonnonm sa yo ki pa t gen soulye. M te konn chita la epi m te kriye. M te gen yon vye bogi, e mwenmenm ak manman m te konn al legliz.” Piga w enkyete w, frè. Jis kontinye renmen L, Li gen yon objektif pou ou. Jis rete egzakteman fason w ye a, jis kontinye ale dwat. Ou wè? Ou te ka pa janm preche yon sèmon, men ou te ka gran granpapa youn ki pral fè l.

214 Èske w te konnen ke Bondye te bay kredi (Ann wè kounye a, ki jan li te rele?) Levi, pou peye dim lè li te nan ren Abraham, lè Mèlkisedèk te rankontre l? Konbyen moun ki konn sa? Epi ann wè. Abraham te fè Izarak, Izarak te fè Jakòb, Jakòb te fè Levi; ki te papa, granpapa, gran granpapa; lè li te nan ren yo, nan semans gran gran papa l la, Bib la te kredite l poutèt li te peye dim bay Mèlkisedèk. O la la, la la, la la, la la! Frè! O! Mwen se. . .

215 Gen yon ti—gen yon ti Anglè ki te konvèti laba a yon jou swa nan Angletè, li di: “Mwen sitèlman konton! Mwen sitèlman konton!”

216 Wi, m tèlman kontan m konnen ke se vre! E yon jou glorye, mwen pa konnen ki lè jou sa pral ye, men si se te yon vizyon, mwen pa di mwen te isi a. Sonje, toujou kenbe sa nan lespri nou, ke moun ki gen bann yo fè menm bagay la. Si m te nan yon vizyon, oswa m te transpòte nan Lespri a, mwen pa konnen. Men li te jis osi reyèl menm jan mwen kenbe Frè Neville mwen an *konsa*, jis reyèl menm jan an. E m te ka gade epi pale ak moun sa yo. Epi men premye madanm mwen te kanpe la, li pa t rele “mari m,” li te di: “frè cheri m lan.”

Te gen yon tifi ki te kanpe la a ke m te konn soti avè l sa fè plizyè lane.

217 Petèt kèk nan paran l yo chita isi a, Alice Lewis ki soti Utica, tifi Kreytyèn trè debyen, distenge. Li te marye on ti kras ta nan lavi, e li te fè premye bebe l epi li te mouri nan akouchman. Alice Lewis, mwen te ale nan salon fineray la pou m wè l. Mwen te fenk rantre lakay mwen, mwen te tande li te mouri. M te mache desann la, pat gen pèsonn nan sal la, mwen di: “Èske gen yon dam isi a, Madam. . .” Non li te Emmerke. E li te marye ak yon bon ti gason Kreytyen, e li te yon bon fi Kreytyèn. Mwen te avèk tifi sa toupatou, tout kalite plas ak tout bagay. E nou te jis timoun, dizwit, diznèvan, toupatou, bon Kreytyèn, m pa t janm konnen anyen de li ke vrè Kreytyènte. E m te yon pechè. Men mwen t ap soti avè l. Mwen te antre nan. . . Epi mari l te yon Kreytyen ki ne de nouvo, yon vrè nonm. E m pa t konnen; mwen te konnen li te mouri, mwen te wè sa nan jounal la. E m t ale laba a epi yo te di m. M t al laba a kot Coots epi m di: “Èske w gen yon Madam Emmerke?”

Li di: “Billy, li jis nan sal la la.”

218 M te antre la e m te kanpe la bò kot sèkèy la. Mwen te panse: “Alice, mwen te nan kacho ki pi fè nwa yo, mwen te ale sou wout fènwa yo. Ou menm avè m nou te mache ansanm sou wout yo epi bò rivyè a, lè yo te konn gen vye bato espektak yo, nou te konn chita la pou koute òg a vapè sa k ap jwe. Nou te konn ap pwomennen nan riyèl yo, ala yon dam ou te ye! Ala mwen di Bondye mèsi pou vi w. Repoze, chè sè m, repoze nan lapè Bondye.”

219 Epi lòt jou swa a nan vizyon an, men li ki t ap kouri vin jwenn mwen. Li te di: “Frè beni m lan,” epi l te antoure m ak bra l. O, o, frè ak sè, sa te chanje m. Mwen pa janm ka menm jan an ankò. Li tèlman reyèl! Li jis—li jis osi reyèl ke jan m ap gade nou an, jis reyèl konsa. Kifè, pa gen okenn laperèz. Mwen ka mouri anvan nwit lan fini.

220 Mwen vle elve ti gason m lan dèyè a la, Joseph. Mwen vle wè l dèyè chè a, lè m ka pran Bib sa . . . lè m rive nan yon kote mwen wè Joseph dèyè chè a ap preche tankou yon—tankou yon jèn gason ranpli ak Sentespri, wenn ak Lespri Bondye sou li. E mwen kwè ke li va yon pwofèt. Jou sa lè mwen—lè mwen—lè mwen te wè l sizan anvan li te fèt, nou sonje m t ap di nou li t apral vini. Sonje jan m te rele l, la bò kote lotèl la, m pa t konn sa m t ap di, m t ap dedikase bebe, mwen te di: “Jozèf, ou se yon pwofèt.”

221 Epi lòt jou a li te kanpe deyò a nan lakou a, li te antre vin jwenn mwen, epi li di: “Papa, èske Jezi gen yon men tankou pa w la?”

Epi m te di: “Ebyen, wi, pitit gason m. Poukisa?”

222 Li di: “M te chita sou bisiklèt mwen, ap siveye Sarah” sa se ti sè li, “pou retounen lakay sot lekòl.” Li te chita deyò a la. Mwen p ap kite l al sou wout la, li te chita konsa. Epi li di: “M te gade anlè, e,” li di, “lè m te fè sa, te gen yon men tankou pa w la, ak yon manch rad blan ki te la a anlè mwen.” Epi l te di: “Li te monte.” Li di: “Èske se te men Jezi ki t ap monte?” Mwen te gade manman an, manman an te gade m. Nou te desann kay Madam Wood. Kèlkeswa kote l ye a, li chita isi a. Nou te poze l kesyon nan de sans, ale vini, ak tout fason nou te kapab. Se te yon vizyon. Li te wè l. Lè m ka wè moman ti Jozèf kanpe . . . Mwen espere m ap viv pou wè l marye, si Jezi pran reta.

223 E mwen se yon vye granmoun, ak moustach gri yo pandye nan kou m isi a. M te voye . . . Mwen vle voye de oswa twa milyon nanm an plis bay Kris si li posib ke m ka fè l. Se detèminasyon pa m pou m preche Levanjil la nan tout kwen tè a. Wi, mesye. Kifè, ede m, Bondye, m ap fè l. Alò, lè m ka wè tan sa a rive, Frè Mike.

224 Mwen ka gade nan moman an Manman, Meda, mwen rele l, cheri m, ou wè, li se . . . n ap vin granmoun, m wè cheve l ap vin gri, epi m wè nou ka prale, k ap disparèt.

225 Rebekah, mwen tèlman rekonesan pou Rebeka. Pwofesè mizik li te di m lòt jou swa a, li di: “O la la, si l kontinye konsa,

Frè Branham,” li di, “se difisil pou di kisa l pral fè.” Ou wè, l ap devlope talan l nan mizik. Mwen vle li, e mwen vle. . . Mwen vle Sarah sou òg la, Becky sou pyano a, mwen vle Joseph dèyè chè a.

226 Lè m ka wè sa rive, e mwenmenm ak Manman nou ka antre ap titibe, mwenmenm sou vye baton m lan, yon jou swa, m ap vin sou wout la, epi m ka gade anndan la epi wè ti gason m lan kanpe la wen ak Sentespri a, ap preche menm Levanjil sa a. Mwen vle pran vye Liv sa, epi di: “Pitit gason m, men Li, Li pou ou. Kanpe avè L, piga w fè konpwomi sou yon sèl Pawòl. Rete drèt avè L, cheri. Piga ou, piga w okipe, mwen p ap okipe m de ki moun ki kont ou, ki moun ki kon’, Bondye va pou ou. Preche chak Pawòl jis fason Li ekri anndan La, epi Papa va wè w lòt bò rivyè a.” Mwen ta renmen lonje men m epi pran l nan bra m, madanm mwen, epi travèse Jouden an.

227 Jouk lè sa, Bondye, kite m rete nan chan an, fidèlman! Kite m! Mwen pa bezwen konnen ki sa pri a ye, oswa konbyen, sa m fè, oswa *sesi, sela* oswa se lòt bò. Kite m rete fidèl epi devwe ak Pawòl Bondye vivan an, pou ke lè jou sa rive e m travèse lòt kote a, epi m ka gade laba a epi di: “Apa ou. O, zanmi presye m lan, frè presye m lan, sè presye m lan.”

228 Jenn predikatè, antre nan chan an, rete nan travay la. Nou tout jèn predikatè ak lòt bagay, piga nou chita la. Piga nou jis chita epi p ap fè anyen. Soti al laba a epi genyen yon nanm. Fè yon bagay! Ale, kòmanse bouje. Pa kanpe, jenn predikatè laba a. Bondye beni kè w.

229 Li raple m lè m te apeprè laj sa, mwen sipoze, e petèt yon ti kras pi jèn pase l. Mwen te gen sèlman apeprè ventan ak on bagay lè m te poze pyè angilè sa a la. M sonje m te konn mete yon manto ble ak yon pè pantalon blan, e m te kanpe la epi m te poze pyè angilè sa a sa fè apeprè trant e en lane. Ou wè ki laj mwen te genyen, mwen te jis yon ti gason. M te jis kanpe la, ap poze pyè angilè sa. Mwen pat fè konpwomi sou yon sèl Pawòl. Mwen te kenbe L jis egzakteman fason lè mwen te poze pyè angilè sa a. Laba a se temwayaj mwen ki poze laba a, kote m te ekri l sou fèy papyè blanch Bib la, epi m te detache l epi m te mete l nan pyè angilè sa a, e li toujou poze la. E ke sa ekri sou paj Pawòl Etènèl Bondye a nan Syèl la. Se pou m rete fidèl jiskalafen.

Annou bese tèt nou kounye a jis yon minit pou lapriyè.

230 Alòske sware sa ap tèmine, sa yo ap tèmine, chapit sa, li pa jis pou li konsa. Nou ta dwe jwenn pwochen an, e kijan li avanse epi mete Legliz la nan pozisyon Li. M ap pote l ban nou yon fwa, si Bondye vle. Mwen dwe jis pran yon ti repo kounye a anvan m ale nan Chautauqua laba a, nan yon lòt gwo reyinyon, apre sa m ap travèse soti la al Oklahoma, apati de la al nan Klamath Falls, apre sa soti Klamath Falls kontinye desann nan Kalifòni, monte nan Yakima, mwen p ap tounen jouk 15 out pwochen.



231 Men gade, kite m mande nou yon bagay, si yon bagay ta rive nou oswa mwen anvan tan sa rive, si m ta dwe travèse rivyè a pou antre nan Peyi sa, oswa si w ta dwe travèse nan Peyi sa anvan lè sa, èske nou santi asirans lan aswè a ke nou pral rankontre la a nan Plas sa a? Si nou santi l, leve men nou anlè, di: “Mwen santi asirans lan nan kè m.” Bondye beni kè nou. Bondye beni nou. Si gen youn isi a ki pa santi asirans ke yo t ap la, e ki ta renmen di: “Sonje m, Frè Branham, pou ke m gen asirans sa,” leve men w anlè, “mwen vle la, tou.” Bondye beni w, madam. Bondye beni w.

232 Papa nou ki nan Syèl la, nou mennen ba Ou aswè a kongregasyon sa a, chak men, osi lwen ke mwen konnen, te leve, tout eksepte yon sèl moun, kèk nanm presye ki chita dèyè a la a, yo jis yon ti kras fatige pou konnen si y ap ka travèse Peyi a, kote gen ase vrè lanmou Diven nan kè yo, nan kè madanm presye sa, ke li t ap vini nan Peyi sa si l ta mouri aswè a, èske sa t ap rale nanm fatige l la nan Peyi Pwomès Bondye a?

233 Papa ki nan Syèl la, antan m te kanpe isi a sou chè sa a epi m te preche, epi m te swe, epi m te kriye, epi m te sipliye, epi m te konvenk, kite m mande W yon fwa ankò, Seyè, kite m mande pou sè m lan dèyè la; Bondye, plase nan kè l, aswè a, lanmou Diven sa, Sentespri Bondye sa a, lapè sa ki depase tout bon konprann, ke li ta resevwa Lespri Ou, pou l sele pa Sentespri a jouk jou sa. Mwen vle wè l, Seyè, lè nou travèse pon an. Si se—si se pa mwen—si se privilèj pa mwen pou m travèse, si sa ke Ou te montre m lan reyèl, epi mwen travèse lòtbò la, mwen vle rankontre l la, epi wè l kouri epi pran m nan men, pou di: “Frè presye m lan, se te jou swa sa a ke Yon Bagay te di m leve men m anlè, lè w te fini preche sou Liv Efèz la. Mwen te leve men m anlè, epi yon bagay te rive m apre sa. Men mwen. Mwen jenn kounye a pou tout tan.” Bondye akòde l bay presye sa a.

234 Sila yo ki te leve men yo ke yo te sele pa Sentespri a, Lespri Bondye sou yo, e yo resevwa Sentespri a, yo sele avèk lanmou diven sa nan kè yo. Ala nou di W mèsì pou yo.

235 Nou reyalize, Papa, ke bann sa yo prale nan mond lan. Anpil mikwo lonje sou chè sa, sa ki vle di ke bann ap fèt, ap vire tounen la, Vwa a pral nan diferan peyi atravè mond lan, toutotou mond lan, ven oswa trant diferan nasyon va tande L. Mwen priye pou chak moun ki tande bann sa, ki pa gen lespwa sa pou Lavi Etènèl, ki pa gen batèm Sentespri a, ke Li vin nan kè yo dousman. Akòde l, Seyè.


236 E ke mwen, si m pa janm wè yo nan lavi sa, lè m travèse nan Peyi sa, ke yo kouri pou pran mwen (e mwen pran yo, e yo menm, nou rele: “Presye frè!” youn bay lòt), yo va di: “Mwen te tande bann ou a sou Efèz, kijan ke Bondye te predestine nou pou Lavi Etènèl, e se te sou bann sa ke m te resevwa Vwa Bondye a e Sentespri te sele m antre nan Wayòm Bondye a.” Akòde l, Papa.

<sup>237</sup> Geri tout sa yo ki malad ak aflije. Pran glwa pou Tèt Ou paske nou remèt tout sa a ba Ou nan tout efò nan Non Jezi, Pitit Ou a. Amèn.

<sup>238</sup> Èske gen youn isi a ki malad e ki vle yo mete men sou yo pou yo priye pou yo? Èske nou ta vle leve men nou? Dakò. Èske nou ta vle mache an silans, kounye a, jouk sou lotèl la isi a menm, epi kanpe jis yon moman, pandan Frè Neville vini ak pa li . . .

<sup>239</sup> O, sa sanble, lapriyè pou malad yo, sanble jis—jis tankou w konnen ki kote w kanpe, egzakteman. Bondye konn tout bagay sou sa.

<sup>240</sup> Lè m tande chante sa . . . Sonje, si nou vivan lè m prale, jwe sa pou mwen: *Kwè Sèlman*. Sonje, mwen pa mouri, mwen p ap twò lwen nou antan m ap koute l. Mwen pa ka mouri; Jezi te ban m Lavi Etènèl; Li pral resisite m nan dènye jou a; m pral wè nou. E si nou pati, m ap kwè menm bagay la pou nou. Mwen kwè nou pral wè youn lòt ankò.

<sup>241</sup> M ap gade, presye dam sa ki kanpe isi a ak cheve gri. Ou se yon Kreyèn? Ranpli ak Lespri Li, w ap tann pou L vini, ou jis kanpe la ap tann Bato a rive. Amèn. O, sè . . . 

60-0522E Adopsyon #4  
Branham Tabènak  
Jeffersonville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papeyè kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)